ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№153 (24.903) • 2025 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 23, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъэгъазэм и 24-м эфир занщIэкIэ цIыхухэм епсэлъэнущ. Линэ занщIэм сыхьэт 12-м щIидзэнущ.

Ар къатынущ КъБР-м и Iэтащхьэмрэ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэмрэ «ВКонтакте»-м щаIэ официальнэ аккаунтхэм, «Россия 24», «1КъБР» телеканалхэмрэ абыхэм я сайтхэм, апхуэдэуи Урысейм и радиом (101,8 FM), «Къэбэрдей-Балъкъэр» 99,5 FM радиом.

Республикэм и Iэтащхьэм зэрызыхуэзгъазэкэр е фи упщIэкэр евгъэхь хъунущ МАХ чат-ботымкIи.

Дыгъэгъазэм и 16-м къыщыщIэдзауэ «Эфир занщIэр» иухыхукIэ колл-центрыр лэжьэнущ.

Махуэ къэс сыхьэти 9-м къыщыщIэдзауэ сыхьэт 18 пщIондэ запыфщIэфынущ канал куэд зиIэ 8 (8662) 229300, +79287119400 телефонхэмкIэ.

Япэ Президентым и цIэр фIащ

Дыгъэгъазэм и 22-м, Энергетикым и махуэм ирихьэлIэу, Шэрэдж Ищхъэрэ ГЭС зэхэтым фIащащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэм и цIэр.

КIУЭКIУЭ Валерэ и фIыгъэкIэ Урысейм и Президентым 1992 гъэм къыдигъэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социально-экономикэ и лъэныкъэкIэ зегъэужьныр къэралым диIыгъыным теухуауэ» Указыр. Арэзы техъуауэ щытащ щIыналъэм и электроэнергетикэ лъабжьэр 2010 гъэм нэсыху къыщIэкIэщIыпIэ щыIэбзыкуэ Программэм.

2002 гъэм и дыгъэгъазэм иутIыпщащ Ауыщджэр (Шэрэдж-1) гидроэлектростанцыр. КIуэкIуэ Валерэ езым и нэIэ щIэтащ а уэрэджгъэр зэрекIуэкIыр, щIэх-щIэхыуи абы КIуэуэ щытащ.

2010 гъэм къыщIэувахащ республикэм щынэхъ инрагъэ къэзыухъуэныр электроэнергиэр зэрекIуэкIыр, щIэх-щIэхыуи абы КIуэуэ щытащ.

2010 гъэм къыщIэувахащ республикэм щынэхъ ин дыдэ Къэщкъатау ГЭС-р. Ар щаухуэм псыр уэру турбинэхэм етыным хэуунэтIа инженер Iэмал гугъуэхэр къагъэсэбэпащ. Зэрэгъыхэ ГЭС-р яухуащ 2016 гъэм.

ГЭС зэхэтхэм я иужьрей ухуэныгъэр къыщIэувахащ 2025 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м.

Шэрэдж Ищхъэрэ ГЭС зэхэтыр яухуащ, а зэманми нэхъ иужькIи къыкъуэкIа гугъуэхьхэм щхьэкIэ къэмынэу.

Иджыпсту ар гидроузел зэрыIыгъщ, МВт 179,1-рэ и лъэщагъэ. Мыбдежым щызэгъэуIуащ. Цыхуу минхэм я лэжьыгъэшхэр икIи дэтхэнэ зыми а Iуэхушхуэм хуэзэдIэкI хилъхьащ.

«Русгидром и лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуэсщIащ жыджэру зэрызэдэлажьэм папщIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гидроэнергетикэ IэнатIэм и зэфIэкIым нэхърэ хагъэхъуэныр ящыщщ республикэм зегъэужьыным и къалэн нэхъыщхьэхуэ дяпэкIи илъэс куэдкIэ дызэлэжьынухэм», - цIитхащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и интернет напэкIуэцIым а Iуэхум теухуауэ.

Гулъытэ щхьэхуэ ягъуэт

Республикэм и егъэджэныгъэ, щIэныгъэ IэнатIэхэм дыдэрыкI 2025 гъэм щызрагъэхъуIахэм, еджапIэхэм шыпхъэншагъэ къыщыдзэгъэпэщыным, къэкIуэну зэманым къапэщылъ къалэнхэм шэщIауэ щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ щIыналъэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзоррэ я зэIущIэм.

АБЫ зэрыщыжалъамкIэ, «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ», «Инагъуэ» лъэпкъ проектхэм я фIыгъэкIэ Iузыгъуэ щхьэпэ куэд зэфIэха мэхъу. Къэбгъэлъагъуэмэ, курыт школу 19-м я унэхэр къанэ щIымыIэу зыхуей хуэгъэзэжыныр и кIэм нэблэгъащ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм къэкIуэну илъэсым иджыри яджапIэ 54-м щыпащунщ. Школи 147-рэ къыззгъэпэща хъущ «Шынагъуэншагъэ и лъабжьэхэмрэ Хэкур хъумэнымрэ», «Лэжьыгъэ» предметхэмкIэ зыхуеину оборудованэхэмкIэ. А предметхэр езыгъэджэзми я методикэ лъабжьэр нэхъри гъэбыда хъущ.

Гулъытэ хэха зыгъуэтхэм ящыщщ егъэджакIуэхэм я улахэр. Физикэ, химие, информатикэ егъэшIэн, математикэ я лэжьапщIэм къыхущIагъу щIыналъэ мылъкум щыщ Iыхьэхэр, нэгъуэщIхэри. Зи лэжьыгъэм ехъулIэныгъэ лъагэхэр щызыIэрызыгъэхьа егъэджакIуэхэу зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм щытекIуэхэм, къыхэжаныкIахэм КъБР-м и Iэтащхьэм и саугъэтхэр иратащ.

Къинэмыщ1ауэ, «Къуажэ егъэджакIуэ» программэм и фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и курыт школ зыбжанэм 2025 гъэм ягъуэтащ зыхуэныкъуэ егъэджакIуэ-гъу. IэнатIэм хыхьагъащIэ егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм япэ илъэсищым къриубыдэу дэIэпыкъуныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр ягъуэт. КъэIэрыхьэ мылъку хэхам нэмыщI, а IэщIагъэлIэхэм папщIэ «ДыгъэфIэ къалэм» щолажьэ «ЕгъэджакIуэ ныбжьыщIэм и школ» проектыр. ЕгъэджакIуэхэм лэжьыгъэм шэщIауэ къыщагъэсэбэп «Си школыр» къыззрымыкIуэ IэмалхэмкIэ къыззгъэпэща библиотекэхэр.

Министрым зэрыжиIамкIэ, ди щIыналъэм и курыт школхэм къыщызэIуахащ мэкъумэш классу 20-рэ кадет гупу 26-рэ. Апхуэдэу класс 53-м щIэс ныбжьыщIэхэм нэхъ куууэ ядж математикэр, физикэр, химиер, биологиер. Курыт еджапIищым къыщызэрагъэпэщащ Курчатовым и цIэр зезыхьэ класскэр. МФТИ-м къыкIэлъыкIуэ IэщIагъэр къыхэзыхыну, абы адэкIи хуеджэну мурад зыщIа ныбжьыщIэхэр.

Дауи, а проектхэм, лэжьыгъэхэм ящыщ дэтхэнэри зэман кIыхьым теухуауэ. Абыхэм я фIыгъэкIэ школакIуэхэр нэхъыфIу хуэхъзыр хъунущ балигъ гъащIэм, нэхъ тыншу къыхахыфынущ адэкIэ зыхуеджэну IэщIагъэр. Иджыпсту IэнатIэм эзгъэкIыныгъэ зиIэ инхэр щокIуэкI. ЕгъэджакIуэм гулъытэшхуэ щыхуащI, цIыхубз хозяйствэр, лъэпкъ экономикэр нэхъыбэу зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIэхэм елъытауэ, а унэтIынигъэхэм ныбжьыщIэхэр дегъэхъэхыным.

А псоми дыхуеушэ зыужьынигъэм, ехъулIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм.

Полномочнэ лIыкIуэм и илъэсыщIэ тыгъэхэр

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий «Хъуэпсапlэхэм я псей» акцэм ипкъ итк1э Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ сабийхэм тыгъэхэр яхуигъэшащ.

ИЛЪЭСЫЩIэ саугъэтхэр цIыкIухэм кIахуишащ къэрал инспектор нэхъыщхьэ Васильченкэ Дмитрий.

Бахъсэн районым хиубыдэ Кременчуг-Константиновкэ къуажэм дэс, зи ныбжьыр илъэси 9 хъу Сиволап Софие къыIэрыхьащ куэд щIауэ зыщIэхъуэпса, цIы щабэм къыхэщIыкIа джэду Басик. Чайкэ Юрий къыбгъэдэкIыу хъыджэбз цIыкIум иджыри къратащ джэгуалъэ зыбжанэрэ планшетэр, абы и шыпхъу нэхъыжьым Яндекс. Станц къыхуашащ, унагъуэм пхъэщхьэмыщIэхэр зэрылъ матэ иратащ.

Илъэсищ хъуа Эвелинэ Прохладнэ районым щыщ Солдатскэ станицэм щыщщ. Полномочнэ лIыкIуэм къыбгъэдэкIыу абыи къратащ гуащэ зыбжанэ, планшет, пхъэщхьэмыщIэхэ матэ.

Налшык щыщ, илъэс 12-м ит Алкасир Маисэ акцэр щокIуэкI интернет хэщIапIэм видеокамерэ иIэну зэрыхуейр иритхауэ щытащ. Сабийм и гуращэр зытетха отбрыткэр полномочнэ лIыкIуэм къыззрыфIихам и фIыгъэкIэ, абыи зыхуейр къыIэрыхьащ.

Илъэсыщ1э тыгъэхэр ялъэсащ Сиволапхэ, Алкасирхэ, Архиповхэ я унагъуэхэм ящыщ псоми.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящIэн папщIэ

2025 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м сыхьэти 10-м КъБР-м и Парламентым и Унэм цыIэхэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзыущIэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Хъуэпсапlэхэм я псей

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ я пашэу, республикэм и депутатхэр хэтащ «Хъуэпсапlэхэм я псей» урысейпсо псапэ Iуэхум.

КъБР-м и Правительствэм и Унэм щагъэува псей гъэщIэрэщIам дэтхэнэ депутатми къыпихащ ныбжьыщIэхэм я илъэсыщIэ хъуэпсапIэхэр зэрыт тхыгъэхэр. Абыхэм къыхагъэщащ тыгъэ хуэныкъуэ цIыкIухэр гъэгуфIэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

– Илъэсыщ1эр уи гур хэзыгъэхъуэ, фIым ухуэзыгъаплъэ махуэшхуэщ. Абы ди гугъапIэ нэхъыфI дыдэхэр идопх. Сабийхэм дежкIэ ар Iэмал имыIэу я хъуэпсапIэхэр къащехъулIэну пIалъэщ, псыcэ пэлъытэщ. АбыкIэ дэ ахэр дгъэщIэхъу хъунукъым. Куэд щIауэ зыпэлъа саугъэтыр къызыIэрыхьа сабийм и нэм ущIэплъэным нэхъ гуапэ щыIэкъым. Нобэ абыхэм зыкъызэрыхуэгъэза я хъуэпсапIэхэр дэ, шэч хэмылъу, дгъэзэщIэнущ, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

Депутатхэм мы мазэм къэриубыдэу ныбжьыщIэхэм хуащIэнущ ахэр зыщIэхъуэпсэхэр, абыхэм илъэсыщIэ махуэшхуэр нэхъ зыхащIэн хуэдэу.

«Хъуэпсапlэхэм я псей» Iуэхур 2018 гъэ лъандэрэ къэралым щокIуэкI, илъэс къэс сабий мин бжыгъэ ягъэгуфIэу.

ФепIэщIэкI, пщэдей еух

2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым пщэдей еух. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - абы Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ1апIэм.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 1130-рэ кIэпейкIэ 82-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 1032-рэ кIэпейкIэ 18-рэ.

Ди индексыр П5894

ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

КIуэ пэтми Iэмалыщ1экэр ди гъащIэм нэхъ куууэ къыхохьэ, ар псынщIэ икIи тынш къытщащIу. Мы куаркодыр къэбгъэсэбэпу «Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ дэнэ щIыпIэ ущыIэми: Обер-онлайным уохьэри абы тыбогъапсэ. АдэкIэ ди газетыр къигъэлъэгъуэнурэ кIэщI дыдэу ущигъэгъуэзэнущ икIи къебгъэхьын папщIэ (уи унэм е пэгъунэгъу пощтым) и лъабжьэм деж уи цIэ-унэцIэмрэ хэщIапIэмрэ иботэкэри, уасэр абдежым щыбот. Дыфщюгугъ адыгэбзкIэ къыдэкI газет закъуэм адэкIи и ныбжьэгъу пэжу фыкъэнэну!

Нэхурэ хуабэкIэ дыкъыззызгъэпэщхэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Энергетикым и махуэмкIэ Iэщ1агъэлIэхэм ехъуэхъуащ:

- КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и энергетикэ комплексым и лэжьакIуэхэу, и ветеранхэу пщIэ зыхуэсщIхэ! Фи Iэщ1агъэм и махуэмкIэ сынвохъуэхъу!

Энергетикэр мыхьэнэшхуэ зиIэщ, псэупIэгъэм и лъабжьэщ. А лъэныкъуэм Iуэхур нэгъэсауэ щекIуэкIмэщ къэралым и промышленностри экономикэри щефIэкIуэнур, цIыхухэм я псэукIэм зыщиужьынур.

УэфIми уаеми, дунейм и щытыкIэм емылъытауэ, фэ Iуэхущ1апIэ псори электрокъарукIэ къызывогъэпэщ, ди унэхэр сыт хуэдэ зэмани нэхущ икIи хуабэщ.

Инжырей зэманым республикэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI токкIэ лажьэ IэмэпсымэкIэ я зэфIэкIым хагъэхъуэн, энергиер цIыхухэм ялъэзыгъэIэс инфраструктурэм зрагъэужьын папщIэ. А псом я фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыщхьэпэ электроэнергием и къарури хохъуэ, Iэмэпсымэхэр уащыгугъ хъун хуэдэу мэлажьэ.

Фи Iэщ1агъэм фызэрыхуэпэжым, жэуапльныгъэ фхэлъу къалэныр зэрывгъэзэщIэм папщIэ, гурэ псэкIэ фIыщIэшхуэ фхузощI. Къэбэрдей-Балъкъэрым и энергетикэм зегъэужьыным и лъэныкъэкIэ лэжьыгъэшхуэ къытпэщылъщ идржыри. Шэч къэтлесхьэркъым Iэщ1агъэм хэфIхьэ гуащIэм и фIыгъэкIэ дызыхущIэкъу псори къызэрыдэхъулIэнум.

Уэныщагъэ быдэ, ехъулIэныгъэрэ ефIэкIуэныгъэрэ сыт и лъэныкъуэкIи фиIэну гурэ псэкIэ сынывохъуэхъу.

Рекламэ ухуэныгъэхэр зыхуэдэнур

КъБР-м и Парламентым Экономикэмкl, зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хъэрычэт Iуэхумкlэ и комитетым и зэIущIэм щытепсэлъыхьащ рекламэ ухуэныгъэхэр къызэрагъэсэбэпым ехьэлIа Iуэхуэхэр зэрызэкIэлъагъэкIуэм.

ЗэIУЩIэМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къудэзэ Къардэн Мурат, депутатхэр, КъБР-м и Прокуратурэм и лIыкIуэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым хъэрычэтыщIэхэм я хуитныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэр, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, «КъБР-м и сату-промышленнэ палатэ» зэгухьэныгъэм хэтхэр.

Экономикэмкlэ, зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хъэрычэт Iуэхумкlэ комитетым и унафэщIым и къудэзэ Войтов Алексей зэIущIэр хъыщызэIуихым къыхигъэщащ къалэтэ Iуэхум ехьэлIа гугъуехь нэхъыщхьэхэр. Абы къыхигъэщащ рекламэ ухуэныгъэхэр зэрагъэсэбэпым и схемэхэр официальнэ сайтхэм зэрыраIухъэ щыкIэм теухуа законодательствэм къигъэувэр щыпIэ администрацэхэм зэрамыгъэзащIэм гугъуехьэхэр къишэнкIэ зэрыхъунур. Республикэм и районхэм зэрадзлажьэм и гугъу щищIым, Къумахуэм жиIащ муниципалитетхэм мазэ къэс хъыбар къыззрагъащIэр къыщIагъэщащ ныкъуасаныгъэхэр зэрагъэзэкIуэжамрэ ирагъэкIуэкI Iуэхуэмрэ теухуауэ.

Хъярычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ я «Опора России» урысейпсо жылагъуэ Iуэхущ1апIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къудэзэ Iэрэмысэ Роман тепсэлъыхьащ IэнатIэхэм зэрагъэзащIэм. Абы къыхигъэщащ рекламэ ухуэныгъэхэр здэщыIэхэм я схемэхэр официальнэ сайтхэм зэрыраIухъэ щыкIэм теухуа законодательствэм къигъэувэр щыпIэ администрацэхэм зэрамыгъэзащIэм гугъуехьэхэр къишэнкIэ зэрыхъунур. Республикэм и районхэм зэрадзлажьэм и гугъу щищIым, Къумахуэм жиIащ муниципалитетхэм мазэ къэс хъыбар къыззрагъащIэр къыщIагъэщащ ныкъуасаныгъэхэр зэрагъэзэкIуэжамрэ ирагъэкIуэкI Iуэхуэмрэ теухуауэ.

Хъярычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ я «Опора России» урысейпсо жылагъуэ Iуэхущ1апIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къудэзэ Iэрэмысэ Роман тепсэлъыхьащ рекламэ ухуэныгъэхэр хабзэм къемызэгъыу щагъэувымрэ абыхэм япылъ гугъуехьэхэмрэ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм щIыналъэм и политикэ Iуэхуэмрэ щIыпIэ унафэр зэрыразгъэкIуэмкIэ и управленэм и чэнджэщкIуэ БжьэдыгъуМурат и гугъу ищIащ социальнэ рекламэм зэрызрагъэубгъуэ, республикэм и щIыналъэхэм щIыпIэ къэрал масэуэхуэхэм зэрыщыщагъэгъуазэм, муниципальнэ унафэщIхэр рекламэ зытхэм зэрадзлажьэм.

Депутатхэр къытеувыIащ рекламэм и фIагъым къигъэувэр зэрамыгъэзэщIар къыззрахутэ Iэмалхэмрэ республикэм и щIыналъэм рекламэ Iэмэпсымэ псоми зыуэ щыт интерактив картэ къыззрыщызрагъэпэщыфынумрэ. Апхуэдэуи и гугъу ящIащ тхыгъэхэр зытратхэхэр къемызэгъыу зэрагъэщIэрашIэм, псом хуэмыдэу хамэ къэралыбзэхэр къыщагъэсэбэпкIэ. Жалам дыщIагъэщащ дагъуэ зиIэ рекламэ ухуэныгъэхэр турист щIыпIэхэм я тепIэмкI зэран зэрыхуэхъур. Депутатхэр тепсэлъыхьащ Iуэхур езыгъэфIэкIуэну Iэмалхэм, хъярычэтыщIэхэм рекламэм трагъэкIуадэмкIэ дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъуфынум, нэгъуэщIхэми.

Парламентым Экономикэмкlэ, зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хъэрычэт Iуэхумкlэ и комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур къыхигъэщащ, зэIущIэм щыжалэхэм нэIуэ къыззрагъащIэр, рекламэ ухуэныгъэхэр еклуэкIуэкIэу къэгъэсэбэпа хъунур Iуэхур къызэрызэрагъэпэщым и фIагъым зэрельытар. Абы жиIащ зэIущIэм щагъэбелджылахэр купщIафIэу къызэрагъэсэбэпынум шэч къызэрытримыхьэр.

Иджырей армэ дэшыгъуэм хэхуащ цIыху 800

Дыгъэгъазэм и 22-м хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм къытIущIащ КъБР-м и дзэ комиссар Пахомов Дмитрийрэ (*сурэтым*) зэгурыIуэныгъэ (контракт) щIыкIэм тету дзэм дашхэм я дэфтэрхэм щыхэплъэ IуэхущIапIэм и унафэщI Дмитриев Виталийрэ.

2025 ГЪЭМ и бжьыхьэ - щIымахуэ пIалъэм дзэ къулыкъум пэрагъэувэхэр жэпуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ дыгъэгъазэм и 31 пщIондэ ираджэ. А Iуэхур щызэкIэлъагъакIуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым иужьрей махуэхэм нэсыху щылэжьащ дзэм дэзыш комиссэу 14: зыр - республикэм и къалащхьэм, пщыкIущыр - районхэм.

- Къыхэдгъэща пIалъэм къриубыдэу, бжьыхьэ дэшыгъуэм хедгъэубыдэн хуейуэ республикэм къытхуагъэувар цIыху 800-щ. Гуп-гупурэ, зым иуж адрейр иту, ахэр автобускIи, гъущI гъуэгукIи, уеблэмэ кхъухьлъатэхэмкIи (нэхъ жыжьэ кIуэхэр) едгъэжьащ, - къыхигъэщащ дзэ комиссарым.

Иджырей дэшыгъуэм хэхуахэр, япэрейхэми хуэдэу, ягъакIуэ ди къэралым и щIыналъэхэу къухьэпIэмкIэ щыIэ Калининград областым къыщыщIэдзауэ къуэкIыпIэмкIэ нэхъ тпэжыжьэ къалэхэм ящыщ Петропавловск-Камчатскэр зи хэщIапIэ частхэм нэсыху.

Лъэсыдзэм нэмыщI, щIалэхэм къахокI хыдзэм хагъэхьэхэри. Иужьрейхэм къулыкъу щрахьэкIыр Балтикэмрэ хы ФIыцIэмрэ, хы Хуэмым. ЩыIэщ хьэуа-десант, хьэршыдзэ, лъэпкъ гвардие, гъущI гъуэгум епхахэм ираджэхэри. Къэралым и дзэ зэщIэгъэуIуахэр хуейщ Урысейм и ДОСААФ-ми нэгъуэщI абы хуэдэ еджапIэхэми ягъэхьэзыра, С категорие зиIэ машинэзехуэхэми. Апхуэдэхэр щыдогъэхьэзыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Тэрч, Бахъсэн, Прохладнэ, Дзэлыкъуэ районхэм щыIэ еджапIэхэми.

2025 гъэм и щIышылэм къыщыщIэдзауэ дзэм дашахэм яхэтщ зи ныбжьыр илъэс 18 ирикъуахэри 30-м нэблэгъахэри. Нэхъапэхэми хуэдэу, пIалъэкIэ дымыгъэпIейтеину хуитыныгъэ яIэщ IэщIагъэ щызрагъэгъуэт еджапIэхэмрэ университет-институтхэм щIэтIысхьахэмрэ.

Япэхэми хуэдэу, щIалэхэр щызэхуашэс щIыпIэхэм зэрыIуашыр гуфIэгъуэ щытыкIэм тетущ. Дэтхэнэри, емыжьэ щIыкIэ, армэм зэрыхэтыну щыгъынхэмкIэ яхуапэ, гъуэгу гъуэмылэхэмкIи къызэрагъэпэщ.

- Бжьыхьэ - щIымахуэ пIалъэм къриубыдэу армэм дгъэкIуэну къытхуагъэлъэгъуа цIыху 800-р къызыхэтшар республикэм абы теухуа и комиссэхэм къетшэлIа щIалэ мини 5-м щIигъурщ. Нэхъапэр армэм дэдгъэкIхэр я IэпкълъэпкъкIэ сэкъатыншэу зэрыщытыпхъэрщ. Узыншэмэ - хыдогъэхьэ, хуэмыхьэзырхэр - доутIыпщыж, - дыщIегъу и псалъэм Пахомовым.

КъБР-м и Дзэ комиссарым зэрыжиIам тетщIыхьмэ, зи дэкIыгъуэу армэм ираджэхэр дзэ Iуэху хэха щекIуэкI щIыпIэхэм ягъакIуэркъым, къэралым къыхагъэхьэжахэми ирагъэхьэркъым. Дауи, УФ-м и щIыналъэхэу гъунапкъэм еуалIэхэм я Iуэху зыIутыр нэгъуэщIщ. Абдежым къулыкъу щезыхьэкIхэм ди щIалэхэри щахэхуэ щыIэщ. Псалъэм папщIэ, Воронеж, Белгород, Курск областхэм ягъакIуэхэри къахокI.

Пахомовым зэрыжиIэмкIэ, дзэм къулыкъу щезыхьэкIыну къызылъысхэм ящыщу зызыгъэпщкIухэм тезыру тралъхьэм хуэдэ Iэджэкlэ хагъэхъуащ. Нэхъапэхэм апхуэдэм зэретхьэкъур сом 500 - 1000-м щIимыгъуу щытамэ, иджы ар нагъэсащ сом мин 30 - 40-м.

- УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм къытхуигъэува къалэнхэм ящыщщ дзэ Iуэху хэхам езым я фIэфIыныгъэкIэ кIуэну хуейхэм гуп щхьэхуэхэр къахэтшынри, - къыпещэ Пахомов Дмитрий. - Ахэр зэгурыIуэныгъэм тету дзэм къулыкъу щезыхьэкIынухэм яхыдогъэхьэ.

Республикэм и дзэ комиссарым зэрыжиIэмкIэ, ди щIалэхэм ящыщу зэухылIэныгъэ езыщIылIэу дзэм дэкIхэм я бжыгъэм иужьрей зэманми зэрыкIэрыхуа щыIэкъым.

- Фызэрыщыгъуазэщи, 2023 гъэм мы щIыналъэми щызэдгъэуIуащ зэгурыIуэныгъэкIэ дзэм къулыкъу щезыхьэкIыну хуейхэр здекIуалIэ, сыт хуэдэ зэманми лажьэ хэщIапIэ, - къыхигъэщащ, зэIущIэм щIэсахэм зыкъыщытхуигъазэм зи гугъу ящI екIуэлIапIэм и унафэщI Дмитриев Виталий.

Адрей илъэсхэми хуэдэу, армэм а щIыкIэм тету зэгурыIуэныгъэ езыщIылIэхэм псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ я хуитыныгъэхэм зрагъэубгъу. Дзэ Iуэху хэхар къыщыхъея щIыпIэм ягъакIуэхэм, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм 2024 гъэм шыщхьэуIум и 15-м щIэрыщIэу къыдигъэкIыжа унафэм ипкъ иткIэ, федеральнэ центрым къикIыу зэ тыгъуэу сом мин 400 ират (къекIуэкIа сом мини 195-м ипIэкIэ). Къинэмыщ IауэIауэ, апхуэдэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм къыбгъэдэкIыу сом мелуанрэ мин 800-рэ къыIэрохьэ. ЗэгурыIуэныгъэ езыщIылIэу дзэм хыхьэхэм, зэрыхуэхьэзырым теухуауэ, япэщIыкIэ яхоплъэ, армэм щыIамэ зэхагъэкI, зэгуэр къулыкъу щрихьэкIамэ зыхэта частым елъытауэ адэкIэ ягъасэ, дерсхэр драгъэкIуэкI. Хьэзыр хъуауэ къалъытэхэр япэ лъэбакъуэу зыхагъэхьэр «резерв батальонкIэ» зэджэхэрщ.

Езым и фIэфIыныгъэкIэ дзэм зэгурыIуэныгъэ езыщIылIэм къэралым зыкъызэрыщIигъакъуэм щыщщ «Ветеранхэм яхуэгъэзауэ» зыфIаща федеральнэ хабзэм къызэрыщагъэлъэгъуауэ, ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм и мылъкукIэ фэтэр зыIэригъэхьэну хуитыныгъэ зэриIэр, езыми и унагъуэм щыщхэми я узыншагъэм щакIэлъыплъ хъуну IуэхущIапIэхэм пщIэ щIамыту зыщрагъэIэзэну Iэмал зэраIэр, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, зэпеуэ къыхэмыкIыу икIи пщIэншэу, щIэтIысхьэну хуит зэращIыр. Дзэм зэгурыIуэныгъэ ирищIылIэфынущ зи ныбжьыр илъэс 18-м къыщыщIэдзауэ 60-м фIэмыкIа дэтхэнэми.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Пэрытхэр ягъэлъапIэ

Налшык дэт курыт еджапIэ №12-м щекIуэкIащ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр зэгухьэныгъэм и «Пэрытхэм я саугъэт» пшыхьыр. Абы щагъэлъэпIащ къызэрыунэхурэ илъэсищ ирикъуа зэгухьэныгъэм жыджэру хэтхэр, а Iуэхум сэбэп хуэхъухэр, жэрдэмщIакIуэхэр.

IУЭХУР екIуу ирагъэкIуэкIащ Муртаз Ланэрэ Гугъуэтыж Идаррэ. Пшыхьым къеблэгъащ КъБР-м и Парламентым и депутат, Налшык дэт курыт еджапIэ №-9-м и унафэщI Коротких Ольгэ, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Ахъмэт Артур, «ЮНАРМИЯ» урысейпсо сабий-ныбжьыщIэ дзэ-хэкупсэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Джатэ Темболэт, КъБР-м и Росгвардием и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI, дзэ Iуэхухэм хэта Хъужокъуэ Руслан, КъБР-м футболымкIэ и федерацэм и унафэщI Мэшыкъуэ Аслъэн, КъБР-м самбомкIэ и федерацэм и унафэщI Бабыгуей Аслъэн, программэхэр зэхэгъэувэнымкIэ «KiberOne» школым и унафэщI Мамбэт Дианэ, «Астра-Сфера» медицинэ еджапIэм и проректор Щоджэн Азрэт.

ЗэIущIэр къызэIуахащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гимнхэмкIэ.

- Нобэрей пшыхьым щыдгъэлъэпIэнущ щапхъэу къэтлъытэхэр: ныбжьыщIэ зэчиифIэхэр, щIалэгъуалэ жанхэм я гъэсакIуэ-ущиякIуэхэр, зэпеуэ щхьэхуэхэм бжьыпэр щызыубыдахэр, апхуэдэуи, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм хэту школым, районым, республикэм ехъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьахэр. Абыхэм я лэжьыгъэрщ, я зэфIэкIырщ лъабжьэ хуэхъур «Пэрытхэм я саугъэт» дамыгъэ лъапIэм, - жиIащ Муртаз Ланэ.

- Ауэ щыхъукIи, нобэ къэпщытэныгъэхэм я махуэ къудейкъым. АтIэ, мурадыщIэхэм я щIэдзапIэщ. Пэрытхэр щыIэнущ, ныбжьыщIэхэр щIэныгъэм хуэпабгъэмэ. Мис ноби, мы гуфIэгъуэ пшыхьыр иухмэ, «Пэрытхэм я деж къыщыщIедзэ гупсысэщIэхэм» зэхыхьэр екIуэкIынущ, - къыпищащ Гугъуэтыж Идар.

Пшыхьым кърихьэлIахэм гуапэу захуигъэзащ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Шыпш Аслъэн.

- Фыкъеблагъэ, ди нэхъыжьыфIхэ, ди дарэгъухэ, ди щIалэгъуалэ Iущхэ! ЩIэрыпсу яухуа школ дахэм къыщызэхуэсащ зэгухьэныгъэм и къудамэхэу районхэм, къалэхэм къикIахэр. Ди зэгухьэныгъэр къызэрыунэхурэ мураду тщIыхэм къыпэджэжу, Iуэхуу къетхьэжьэм яхузэфIэкI къыхалъхьэу, чэнджэщэгъу тхуэхъуу къыддэгъуэгурыкIуэ ди дарэгъу лъапIэхэр къызэреблэгъар псом хуэмыдэу ди гуапэщ.

ИкъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ курыт еджапIэхэм щызэрагъэпэщ пэрыт гупхэр зыхуэдэм. Гуп хъужри зи гупсысэхэр бзыгъэ ныбжьыщIэхэр, гудзакъэ зиIэ гъэсакIуэхэр, сабийхэр фIым хуэзыущий егъэджакIуэхэр аращ. А псоми я гуращэхэр щIагъэбыдэ адэанэ гумызагъэхэм. Аращ ди зэгухьэныгъэр лъэщ зыщIыр. Нобэ дыкъыщIызэхуэсам и щхьэусыгъуэр тхузэфIэкIар къэтпщытэжу, дызыхунэмысахэм гу лъыттэжыну дызэрыхуейрщ.

Накъыгъэм и 28-м республикэм щекIуэкIащ сабий нэхъыщIэхэр зыхэта «Зарница 2.0» урысей дзэ-хэкупсэ джэгукIэм и щIыналъэ Iыхьэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэхэмрэ къуажэхэмрэ щыщ сабии 120-рэ хэтащ абы щIэныгъэ къагъэлъагъуэу, ныбжьэгъугъэм и пIалъэр зэращIэм щыхьэт техъуэжу, спорт унэтIыныгъэ щхьэхуэхэм зэрыдихьэхыр ягъэнаIуэу, тхыдэм щыщ напэкIуэцIхэм зэрыхащIыкIри ягъэбелджылыуэ.

ФIыщIэ тхылъхэр, саугъэтхэр, медалхэр, кубокхэр хуагъэфэщащ нэхъ жану абыхэм хэтахэм, я гъэсакIуэущиякIуэхэм. А зэпеуэм къыщыхэжаныкIахэм я медалхэр яритыжащ Хъужокъуэ Руслан. Ещанэ увыпIэр яIэрыхьащ Iуащхьэмахуэ куейм щыщ «Победа 80» гупым. Я гъэсакIуэр Борэн ФуIэдщ. ЕтIуанэ увыпIэр къахьащ Османовэ Татьянэ игъэса «Кольцо» гупым. Ахэр Налшык къалэм щыщхэщ. Япэ увыпIэр зыIэрагъэхьащ прохладнэдэсхэм – «За наших 07» зыфIэзыщыжа гупым. Абыхэм я гъэсакIуэщ Басковэ Еленэ.

- АдэкIи ехъулIэныгъэфIхэр фиIэну, нобэрей махуэ дахэр фи гум ивубыдэну, щапхъэ дахэуи фи гъащIэм хэтыну сынывохъуэхъу! - жиIащ Хъужокъуэм.

«Юннатские экспедиции» проектым хэтащ щIыуэпсыр хъумэным теухуауэ гудзакъэ зиIэ куэд. А Iуэхум щIэныгъэ хэзылъхьа, зэпеуэм нэхъ лъэрыхь дыдэу зыкъыщызыгъэлъэгъуахэр утыкум кърагъэблэгъащ. ФIыщIэ тхылъхэр хуагъэфэщащ «Семейные команды», «Клуб юных натуралистов» джэгугъуэ IыхьитIым къыщыхэжаныкIахэм. «Семейные команды» зэпеуэм ещанэ увыпIэр къыщахьащ ЛIыхъурейхэ я унагъуэм. ЕтIуанэр ялъысащ Кузнецовхэ я унагъуэм. Бжьыпэр яубыдащ Башийхэ я унагъуэм.

«Кубок юных натуралистов» Iыхьэм ещанэ щыхъуащ «Лашин» гупыр. «Бабугентский экопатруль»-ретIуанэщ. «ГъущIохэ я унагъуэ» гупыр псоми ятекIуащ.

Жэпуэгъуэм республикэм щекIуэкIащ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» щIыналъэ зэгухьэныгъэм и къудамэхэр зыхэта урысейпсо зэпеуэ. Республикэм щыщу абы къыщыхэжаныкIахэр пшыхьым щагъэлъэпIащ. ФIыщIэ тхылъхэр иратащ Бахъсэн районым хиубыдэ Куба къуажэм дэт езанэ курыт еджапIэм щеджэ пэрытхэм я лэжьыгъэр зыунэтI Къанкъул ФатIимэ, Бахъсэн районым хиубыдэ ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэт ещанэ курыт еджапIэм щIэс пэрытхэм я ущиякIуэ КIурашын Лянэ, Май къалэм дэт етхуанэ курыт еджапIэм щIэс ныбжьыщIэхэм я гъэсакIуэ Кузнецовэ Светланэ, Дзэлыкъуэ щIыналъэм, Хьэбэз къуажэм я гъэсэнхэм зи нэIэ ятета Бад Жанетэ сымэ.

Илъэсым къриубыдэу «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм и къудамэу щIыналъэхэм щыIэхэм я лэжьэкIэр къапщытащ, ахэр федеральнэ проектхэм зэрыхэтам, къуажэхэмрэ къалэхэмрэ щалэжьа IуэхуфIхэм, жылагъуэ гъащIэм зэрыщысэбэпам теухуа мардэхэмкIэ. ИкIи пшыхьым я цIэ къыщраIуащ район пщыкIущым я пэрытхэм.

ИужькIэ, пшыхьым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэм нэсащ - «Пэрытхэм я саугъэтыр» зыхуэфащэхэм иратащ. «Илъэсым и къызэгъэпэщакIуэ» цIэр фIащащ Геккиевэ Лейлэ, Къуэдзокъуэ Самир, Гетериевэ Сабинэ, Нэгъуей Рианэ, Къудей Анзор, Алиев Алигбер сымэ. Пэрытхэм я гуп нэхъыфIу къалъытащ Прохладнэ районым и ныбжьыщIэ гупыр - Бахтиевэ Татьянэ, Мельниковэ Екатеринэ, Алакаев Ибрэхьим, Деминэ Наталье, Кудрич Владислав, Бондарь Марие, Гындыгъу Дамир, Искандаров Руслан, Алиевэ Алинэ. Пэрытхэм я совет нэхъыфIу къыхагъэщащ Тэрч щIыналъэм щыIэр. Абы хэтщ Хъуран Индирэ, Бэв Камилэ, Къущхьэ Даянэ, Уэрэзей Iэминат, Уэрщо Азнаур, Чэрим Елдар, Абыдэ Дисанэ, Iэщыжь Адилэ, Къущхьэ Даянэ сымэ. «Илъэсым и гъэсакIуэ нэхъыфI» хъуащ Жабоевэ Зухра. «Илъэсым и унагъуэ» фIащащ Шэрэдж щIыналъэм щыщ Башиевхэ я унагъуэм - Марат, Сулиман, Алия, Саидэ, Iэминат сымэ. Пэрытхэм я къудамэ нэхъыфI щыIэу къалъытащ Бахъсэн щIыналъэм. Абы хэтщ Щокъуийхэ Мухьэмэдрэ Роксаланэрэ, Азычэ Алымбэч, КъуэщIысокъуэ Эвелинэ, Къардэн Русалинэ, Емкъуж Лаурэ, Щэрмэт Идар сымэ. «Пэрытхэм я гъэсакIуэ нэхъыфI» хъуащ Май щIыналъэм щыщ Кузнецовэ Светланэ. «Дарэгъу нэхъыфI» цIэр хуагъэфэщащ гъуазджэм, спортым, еджэным, щIэныгъэм къыщыхэжаныкIа сабий зэчиифIэхэм ядэIэпыкъунымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ «Антарес» щIыналъэ центрым.

УэрэдкIэ, къафэкIэ, макъамэкIэ пшыхьыр ягъэдэхащ «Калисто» къэфакIуэ гупымрэ уэрэджыIакIуэ Бэрэгъун Зауррэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

IэщIагъэм и пщIэр яIэт

Москва и физико-техникэ институтым (МФТИ) иригъэкIуэкI «ЩIыналъэхэм щIэныгъэм зыщегъэужьын» Iуэхум ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щытепсэлъыхьащ инженер IэщIагъэм гулъытэ нэхъыбэ хуэщIыным.

КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭЩ зи гугъу тщIы Iуэхур нэгъабэ зэрырагъэжьар, Москва и физико-техникэ институтым, Урысей Федерацэм ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэ нэхъыщхьэмкIэ и министерствэр и дэIэпыкъуэгъуу зэрырагъэкIуэкIыр. Абы и къызэгъэпэщакIуэхэм я мурад нэхъыщхьэр IэщIагъэрэ техникэ щIэныгъэрэ зрагъэгъуэтыну щIалэгъуалэр къыхуеджэнырщ, апхуэдэ Iэмал абыхэм етынырщ. НобэкIэ Iуэхум хэтщ УФ-м и щIыналъэ 61-м щыщу еджапIэ минрэ щитхум щIигъу. 2025 гъэм абы хыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу курыт еджапIий. Школ нэхъыщхьэ и лъэныкъуэкIэ, Iуэхур нэхъ зытегъэщIар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетращ. МФТИ-м кърихьэжьа лэжьыгъэм ухэтыныр сэбэп мэхъу егъэджэныгъэ, псэуныгъэ, экономикэ я IуэхукIэ щIыналъэм ипэ иригъэщыпхъэхэр убзыхунымкIэ.

КъБКъУ-м щрагъэкIуэкIа семинарыр хухахащ еджапIэ нэхъыщхьэр Iуэхум зэрыхэта зы илъэсым къриkIуахэр къызэщIэкъуэжыным, егъэджэныгъэ практикэхэр зыхуэдар зэпкърыхыным, илъэс къакIуэм зыхуагъэувыж къалэнхэр убзыхуным. КъэпщытакIуэхэм къыхагъэщащ дерсхэр гъэщIэгъуэну егъэкIуэкIыным къыхуагъэсэбэп, бжыгъэр зи лъабжьэ Iэмалым еджакIуэхэр зэрыдихьэхыр икIи куэдым зэрытригъэгушхуэр. Гулъытэ хэха хуащIащ проектхэр гъэхьэзырыныр егъэджэныгъэ Iуэхум зыубгъуауэ къыщагъэсэбэпыным, щIыналъэр нэхъ зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным елэжьын зэрыхуейм.

«Къэбэрдей-Балъкъэрыр Iуэхум къызэрыхыхьэрэ зы илъэс хъууэ аращ, ауэ фIэгъэщIэгъуэну, акъыл къыхилъхьэу къыхолэжьыхь. Дэ долъагъу нобэрей гъащIэм къезэгъ егъэджэныгъэ Iэмалхэр школакIуэхэм папщIэ къагъэсэбэпыну ди ныбжьэгъухэр зэрыхьэзырыр», - жиIащ «ЩIыналъэхэм щIэныгъэм зыщегъэужьын» Iуэхум, Москва и физико-техникэ институтым Егъэджэныгъэм къыщагъэсэбэп IэмалыщIэхэмрэ технологиещIэхэмрэкIэ и центрым я унафэщI Андреевэ Юлие.

«Зэманым декIур лIыфIщ», жиIакъэ Къэзанокъуэ Жэбагъы?! Зэманым къигъэув зэхъуэкIыныгъэщIэхэм пэлъэщын щIэблэ къытщIэхъуэну, мы Iуэху дахэм ди щIыналъэми ди еджакIуэхэми фIы къахудэкIуэну ди гуапэщ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Зыхэтым фIыкIэ къахэщырт

Ажалыр Iэ щIыIэкIэ къыпхэбэныр, дауи, сыт щыгъуи хьэлъэщ, гухэщI инрэ нэщхъеягъэшхуэрэ къэзыхьщ. АтIэми, ар куэдкIэ нэхъ Iэтыгъуейщ уи унагъуэм щыщ, уи гум, уи псэм япэгъунэгъу цIыху дунейм щехыжым деж. Зэманыр псоми пэлъэщу, фIыри Iейри зэтрилъащIэу жаIэми, апхуэдэ гуауэр удын хьэлъэу, уIэгъэ мыгъущу гум къонэ. Дауи, зэман дэкIмэ, а гурыщIэ гуащIэр махуэ къэс и гущIыIу къыдридзейркъым – ар аддэ гу лъащIэм йотIысхьэри исщ, хьэлъэу, укъису, гупсысэ зэхуэмыдэхэм ухидзэу…

ДЫКЪЭЗЫГЪЭЩIАМ дунеягъэкIэ къыхуиуха зэман кIэщIыр щызу, купщIафIэу езыхьэкIахэм, «лъэужь нэху къигъэнащ» зыхужаIэхэм хэплъытэ хъунущ ди тхыгъэр зытеухуа адыгэ щIалэр. Ар Дзэлыкъуэ щIыналъэм хиубыдэ Сэрмакъ адыгэ жылэм щыщ Дидан Албэчщ. КъипсэIуар мащIэми, щIалэщIэм и дэтхэнэ махуэри и мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ ялъэIэсыным хуэгъэпса IуэхугъуэфIхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ. Дыгъэгъазэм и кIэуххэм ди къэралым щагъэлъапIэ Стратегие мыхьэнэ зиIэ ракетэдзэхэм я махуэщIыр. Абы ирихьэлIэу дигу къыдогъэкIыж къэрал щхьэхуитыныгъэр зыкъомкIэ зэлъыта а дзэ лIэужьыгъуэхэм илъэси 10-м нэс къулыкъу пэж щызыщIа адыгэ щIалэр.

Фэеплъ

Диданхэ Хьэрэбийрэ ХьэIишэтрэ я унагъуэ быныфIэм я сабий еплIанэт Албэч. Зэщхьэгъусэхэм я хъыджэбз цIыкIуищым, Зухра, Iэминэ, Анжелэ сымэ, 1987 гъэм и дыгъэгъазэм къахэхъуат я дэлъху закъуэр. Тхьэшхуэр унагъуэм къазэрыхуэупса фIыгъуэхэм ящыщ хъуа сабийм, Албэч цIэ дахэр зыфIащам, щымыгуфIыкIа яхэмытми ярейт Диданхэ я Iыхьлыхэми благъэхэми. Псом хуэдэжтэкъым сабийм и адэшхуэ-анэшхуэхэм я дэрэжэгъуэм и инагъыр: «Драхьеймэ - мэгъущIэ, ирахьэхмэ - мэщIытэ», - жыхуаIэм хуэдэт, апхуэдизу сабийм хуэнэхъуеиншэти.

ГъащIэр, дунейр фIэхьэлэмэту къэхъуащ Албэч. Курыт школыр фIы дыдэу 2005 гъэм къиуха нэужь, щIалэщIэр лъэпощхьэпоуншэу щIэтIысхьауэ щытащ Дон Iус Ростов къалэм дэт, Стратегие мыхьэнэ зиIэ ракетэдзэхэмкIэ къэрал институту артиллерием и маршал нэхъыщхьэ Неделин М. И. и цIэр зезыхьэм и дзэ-инженер факультетым. (2011 гъэ лъандэрэ институтыр и къудамэ хъуащ Москва областым щыIэ, Стратегие мыхьэнэ зиIэ ракетэдзэхэмкIэ академием (ВА РВСН)). Дзэ Iуэхум кууэ хуеджэн мурадыр курыт школыр къиухыным иджыри илъэситI иIэу ищIат Албэч. А гуращэр и гъуэгугъэлъагъуэу щIалэм сыт и лъэныкъуэкIи фIыуэ зыхуигъэхьэзырат а еджапIэ нэхъыщхьэм зэрыщIэтIысхьэнум. Гугъу ехьами, и зэманыр къэсри щыгуфIыкIыжат зригъэгъуэта щIэныгъэхэмрэ зэфIэкIхэмрэ.

Албэч и адэ Хьэрэбий игу къызэригъэкIыжымкIэ, зэрыщIэтIысхьэ къэпщытэныгъэхэу урысыбзэр, математикэр, физикэр фIы дыдэу итат абы. Адрей къэпщытэныгъэхэу и Iэпкълъэпкъым и жанагъым, къарум, бэшэчагъым, бгъэдэлъ спорт зэфIэкIхэм епхахэми псом нэхърэ нэхъыфIу пэлъэщат щIалэр. «Мис мыпхуэдэ щIалэщ урысеидзэр зыхуейр!» - гуфIэрэ гушхуэу жиIауэ щытащ курсантхэм я зэфIэкIхэм кIэлъыплъа, институтым и унафэщI генерал Солохин Сергей, Албэч еплъри. А псалъэхэм дэрэжэгъуэ ин къахилъхьауэ щытащ адэми къуэми.

Къэпщытэныгъэ псоми апхуэдэу ехъулIэныгъэкIэ пхыкIыфа адыгэ щIалэр, зэрихабзэу, зыхэтым фIыкIэ къахэщу еджащ. Япэ курсым къыщыщIэдзауэ илъэситхукIэ Дидан Албэч щытащ курсанти 140-рэ зыщIэс курсым и старшинауэ. Институтым (иужькIэ академием) зэрыщеджа илъэситхум Албэч щIэныгъэ куу зригъэгъуэтащ къыхиха IэщIагъэмкIэ.

А зэманым къриубыдэу адэ-анэми, къиуха курыт школым и унафэщIхэми къаIэрыхьащ Диданхэ я щIалэм и щытхъуцIэ зэрыт фIыщIэ тхылъхэр. «Фи курыт еджапIэр къэзыуха, мы зэманым Стратегие мыхьэнэ зиIэ ракетэдзэхэмкIэ академием и курсант Дидан Албэч япэ махуэм къыщыщIэдзауэ зыкъигъэлъэгъуащ гъэсэныгъэ екIу зыбгъэдэлъ, жэуаплыныгъэ лъагэ зыхэзыщIэ, щIэныгъэ куум хуеIэ цIыху зэпIэзэрыту, шыIэныгъэрэ акъылрэ зиIэу. Албэч еджэнымкIэ ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьэ къудейкъым – ар жыджэру хэтщ еджапIэ нэхъыщхьэм щекIуэкI жылагъуэ гъащIэм, ныбжьэгъуфIхэр и куэдщ. Курсым и пашэу щыт щIалэм пщIэ щиIэщ къыдеджэхэм, и ныбжьэгъухэм я деж. Дэ, егъэджакIуэхэри академием и унафэщIхэри, хуабжьу дыхуэарэзыщ зи пщэрылъ къалэнхэр нэсу, и чэзум икIи къызыхуэтыншэу зыгъэзащIэ курсант Дидан Албэч. Офицер-ракетчик IэщIагъэм хуеджэ курсантыр курыт школым щезыгъэджахэм, и адэ-анэ Диданхэ Хьэрэбийрэ ХьэIишэтрэ фIыщIэ ин яхудощI ВА РВСН-м и унафэщIхэм, IэщIагъэлIхэм къабгъэдэкIыу. Дидан Албэч Хэкум и хъумакIуэ нэс къызэрыхэкIынум шэч лъэпкъ къытетхьэркъым!» - итт Лыджыдэ Хьэлым и цIэр зэрихьэу Сэрмакъ дэт курыт школ №2-м и унафэщIхэм къаIэрыхьа тхылъым. Уи гъэсэным, еджакIуэм и цIэр апхуэдэу фIыкIэ Iуныр дэтхэнэ егъэджакIуэри зыщIэхъуэпс, и лъэр жан зыщIщ. Апхуэдэу а фIыщIэ тхылъыр къащыхьуат школым и егъэджакIуэхэми абы и унафэщIхэми. Къыхэдгъэщынщи, Албэч и адэ Дидан Хьэрэбий илъэс 50-кIэ щылэжьащ а курыт школым, щIалэм и егъэджакIуэхэм, унэтIакIуэхэм ящыщу.

ЕджапIэ нэхъыщхьэр ехъулIэныгъэкIэ 2010 гъэм къэзыуха Албэч щалъхуа щIыналъэм къэкIуэжащ зэман кIэщIкIэ. Унагъуэ иухуащ: Албэч щхьэгъусэ хуэхъуащ Мэремхэ я пщащэ дахэ Марьянэ. УнагъуэщIэр куэд дэмыкIыу Iэпхъуащ офицер Диданым къулыкъур щрихьэкIыну къыхуагъэлъэгъуа Иркутск къалэм. Абы илъэсиблкIэ къулыкъур щрихьэкIащ Албэч, щытхъурэ фIыщIэрэ пылъу. ЩIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ щIалэм къиухащ Иркутск дэт юридическэ академиер «юриспруденцие» унэтIыныгъэмкIэ. Нэхъыщхьэжрати, унагъуэщIэм зэкIэлъхьэужьу сабий дыгъитI ягъуэтащ: зэкъуэш цIыкIуитIу Аслъэнрэ Беслъэнрэ. Унагъуэми, Iыхьлыхэми, благъэхэми я гур зэгъауэ, быным, щIэблэм я гуфIэгъуэ хэплъэныр я хъуэпсапIэу илъэсхэр ирахьэкIырт. АтIэми, дэ дызэрыхуейуэ гъащIэр къыщыдэмыхъулIи щыIэщ... 2017 гъэм и жэпуэгъуэм Албэч машинэ зэжьэхэуэм хэкIуэдащ...

Зэман хьэлъэт ар Диданхэ я унагъуэм и дежкIэ. ФIыуэ ялъагъу я къуэ закъуэм, дэлъхум, щхьэгъусэм, адэм и псэм дэщIыгъуу ажалым яIэщIихат я дунейр зыгъэIэфI Iуэхугъуэхэм – узыншагъэм, насыпым, гукъыдэжым, дэрэжэгъуэм - ящыщ Iыхьэшхуэхэр, я гъащIэр нэхъ нэд, купщIэншэ ищIауэ. АтIэми, ДыкъэзыгъэщIам ищIа Унафэр зэи зыми икъутэжыфакъыми, зи дунейр зыхъуэжахэр иджыри ди гъусэ пэлъытэу, ди IуэхущIафэхэр, гупсысэхэр абы епхауэ гъащIэр етхьэкIын хуейуэ арагъэнщ, япэ ищар жэнэткIэ гуфIэнымкIэ дыхуэлъаIуэу, и фэеплъыр сакъыу тхъумэу. Апхуэдэу, шэч хэмылъу, нобэ дунейм тетщ Диданхэ я унагъуэшхуэм ис псори, Албэч зыцIыхуу, зи ныбжьэгъуу щытахэм ящыщ куэди.

Диданхэ я унагъуэм къыщохъу Албэч и фэеплъу дунейм къытрина и къуитIыр. Еджэным щызыIэрагъэхьэ я ехъулIэныгъэхэмкIэ анэ IэфIыр, адэшхуэ-анэшхуэ гумащIэхэр зыгъэгуфIэ щIалэхэр балигъыпIэ йоувэ: Аслъэн 8-нэ классым, Беслъэн 7-нэм щIэсщ. Адыгэ хабзэм, лъэпкъ гъэсэныгъэм, щIэныгъэ нэхум гулъытэ хэхахэрэ пщIэрэ щигъэту къекIуэкI а унагъуэм къитаджэ щIэблэр а фIыгъуэхэм хуаущий нэхъыжьхэм. Шэч хэлъкъым, Дидан Албэч и къуэхэу Аслъэнрэ Беслъэнрэ къызыхэкIа лъэпкъыр зэрыгушхуэн, зэрыпэгэн адыгэлI нэс къазэрыхэкIынум. Дидан Хьэрэбий зи тхьэмадэ, Дидан Албэч щIалэр, офицер нэсыр, зыхэтым фIыкIэ къахэщу зи гъащIэр зыхьар, къыщыхъуа унагъуэм абыхэм я пщIэрэ я нэмысым яхуэфэщэн щIэблэщ къихъуэнур, дауи.

КЪАРДЭН Маритэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Мамырыгъэм и телъхьэщ

«Дэ зэпсэлъэныгъэхэми Украинэм щекIуэкI зэныкъуэкъур мамыр IэмалхэмкIэ зэфIэхыными дыхуэзэгъ зыщ», - щыжиIащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир мэрем кIуам ирагъэкIуэкIа пресс-конференцым. - Дэри дыхуейт дызытехьэ илъэсыр мамыру щытыну, дэ зэпэщытыныгъэр ди гъащIэм хэмыту дыпсэуну икIи дыхущIокъу зэдауэ къызыхэкIа Iуэхухэр зэпсэлъэныгъэхэмкIэ зэрызэфIэтхыным».

Къэралым и УнафэщIым къыхигъэщащ мамырыгъэр кIыхьу икIи быдэу щытын, къэкIуэнум а Iуэхум къытримыгъэзэжын папщIэ, зэныкъуэкъур къызыхэкIа щхьэусыгъуэр Iэмал имыIэу зэрыгъэзэкIуэжыпхъэр. Путин Владимир жиIащ США-м и президент Трамп Дональд украинэ зэныкъуэкъур зэфIэхыным къаруушхуэ зэрырихьэлIэр икIи Урысей Федерацэм а Iуэхур мамырыгъэкIэ зэтес щIыжыным теухуауэ къыхалъхьэмкIэ мыарэзыуэ кърахьэкI хъыбархэр зэрылъабжьэншэр.

«США-м и президентымрэ сэрэ Анкоридж дыщыщызэхуэзам абы къигъэлъэгъуа Iуэхухэм зэхэхауэ дытепсэлъыхьащ икIи упщIэхэм ящыщ куэдым арэзы дытехъуащ. Абы къыхэкIыуи, зэныкъуэкъур мамырыгъэкIэ зэфIэхыныр дэдмыIыгъыу жаIэу кърагъэкIуэкIхэр къезэгъыркъым», - дыщIигъужащ Урысейм и Президентым.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр къапоплъэ

Румынием и Президент Дан Никушор жиIащ Iулъхьэ къеIыхыным, хабзэншагъэкIэ мылъку зэлъэфэлIэным теухуауэ къэралым щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм фIагъышхуэ зэримыIэр икIи къигъэгугъащ экономикэ щытыкIэ гугъум къыхэкIа Iуэхум къыхэзышын хэкIыпIэхэр мыгувэу зэрыщыIэнумкIэ.

«Жылагъуэр зыхэт гугъуехьышхуэхэр зэфIэхынымкIэ тщIар мащIэ дыдэщ, - щыжеIэ абы и интервьюм. – Ауэ дяпэкIэ а Iуэхухэм нэгъуэщIу дыбгъэдыхьэнущ. Иджыпсту къулыкъущIэхэр зытелажьэр цIыху гуп щхьэхуэхэм я Iуэхур дэгъэкIыжырщ, армыхъуамэ жылагъуэ зэIузэпэщыгъэракъым».

Нэхъапэкlэ Румынием и премьер-министр Боложан Илие къыхигъэщащ къэралыр экономикэ щытыкIэ гугъу къызэрихутар, абы ипкъ иткIи правительствэм игъэкIуэд мылъкур зэригъэмэщIар. Апхуэдэ щытыкIэр къызыхэкIауэ къилъытыр иужьрей илъэсхэм Румынием бюджетым къыщигъэлъагъуэ мылъкум нэхърэ нэхъыбэ зэригъэкIуэдарщ.

Дыгъэгъазэм и 23, *гъубж*

♦**УФ-м Экологие, технологие, атом кIэлъыплъыныгъэхэмкIэ и къулыкъум (Ростехнадзор) и махуэщ**

♦**Урысейм и Дзэ-Хьэрш Къарухэм гъуэгуанэ кIыхь зэпызыхыф я авиацэм и махуэщ**

♦**1947 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ ищIащ ИлъэсыщIэр къыщихьэ щIышылэм и 1-р гъэ къэс гъэлъэпIэным икIи ар мылэжьэгъуэ махуэу гъэувыным теухуауэ.

♦**1905 гъэм** къалъхуащ Иорданием щыщ дохутыр, дипломат, адыгэ лъэпкъым и блэкIар джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, тхылъ зыбжанэ къыдэзыгъэкIа **Хьэбжокъуэ Шэукэт**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **ЖьакIэмыкъуэ Iэминат**.

♦**1960 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор **Азэщокъуэ Геннадий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 6 - 7, жэщым щIыIэр градуси 2 - 3 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 5-кIэ зихъуэжынущ.

Дыгъэгъазэм и 24, *бэрэжьей*

♦**Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ**

♦**1954 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ЕхъулIэ Мартин**.

♦**1957 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор **Къэзанш Хьэлимэт**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ хьэрычэтыщIэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Лъхукъуэщауэ Хьэбас**.

♦**1960 гъэм** къалъхуащ сабий дохутыр, «Урысейм и дохутыр нэхъыфI» цIэ лъапIэр 2013 гъэм зыхуагъэфэща **Чым Мадинэ**.

♦**1975 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **КIэхумахуэ ФатIимэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм къешх-къесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щIыIэр градус 0 - 1 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гъусэ ямыщIынум блэкI пэтрэ йоджэ.

Ислъамым и нур

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ

Рэджэбым дыхуэвмыгъэщхьэх

Илъэсым зэрыщIидзэу, мазэ лъапIэхэр зытехуэну махуэхэр къэтлъыхъуэн щIыдодзэ муслъымэнхэм, абыхэм къадэкIуэ псапэр зыIэщIэдмыгъэкIын папщIэ. Дыгъэгъазэм и 21-м Рэджэб мазэм щIидзащ, нобэ абы и махуэ ещанэщ.

ШЭЧ хэмылъу, махуэ къэси Алыхьым и махуэщ, уеблэмэ «жэщ къэси къэдэр жэщщ» псэлъафэм и щIагъыбзэри куущ. ИтIани, нэгъабэ зыхэдмылъхьэфа хьэл дахэ гуэр мы гъэм къытхуэщтэным дыщыгугъыу, нэхъыбэ зыхузэфIэкIхэм дадэплъейуэщ илъэсыр зэрыдгъакIуэри, а лъэныкъуэмкIэ мазэ лъапIищыр зэманым я нэхъыфIщ.

Рэджэб мазэм нэхъ лейуэ къыхагъэщхьэхукIыу жэщищ хэтщ: и къихьэгъуэр, Рэджэбым и 1-р, РэгъаIиб, «хъуэпсапIэхэр щагуэш» жыхуаIэ япэ мэрем жэщыр (дыгъэгъазэм и 25-м хуозэ), Рэджэбым и 27-нэр (щIышылэм и 15-м). Иужьрейр Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхар Алыхьталэм и пащхьэ щраша, Iэл IисраI уэл Михьрадж жыхуаIэращ.

Мазэ лъапIэхэр щхьэхуэу илъэсым къыщIыхагъэщым и Iущыгъэр, зэрыхуэдгъэфащэмкIэ, махуэ къэс къызыкIэлъыджыхь дунеягъэ Iуэхухэм мащIэу нэхъ гущIыIэ дыхуащIын папщIэщ. Адрей псоми япэ идгъэщ Рэмэданым зыхуэбгъэхьэзырыну IэмалыфI къуат Рэджэбымрэ абы и ужь ит Шэхьбанымрэ. «ЛIэныгъэм гупсэху фекIуэлIэну, фи кIэухыр насыпыфIэ хъуну, шейтIаным фыIэщIэкIыну фыхуеймэ, мы мазэ лъапIэхэм пщIэ яхуэфщI, тобэр вгъэбагъуэрэ фи гуэныхьхэм фахущIегъуэжу», - дыкъыщоджэ хьэдисхэм я зым.

Нэгъуэщ хьэдисым зэрыжиIэмкIэ, Рэджэбым пыщIа псапэри пIэщIэщIа гуэныхьхэм къапэкIуэ тезырхэри 70-кIэ мэбагъуэ. Алыхьталэм цIыхум хуимыгъэфащэ Iуэху мыщхьэпэхэу зэбииныр, зэзэуэныр, къаугъэ къэIэтыныр ягъэхьэрэм мы мазэм. Хьэрыпхэм, псалъэм папщIэ, пасэ зэманым абы апхуэдизкIэ пщIэшхуэ хуащIырти, Рэджэбыр къиихьа нэужь, я шабзэпэхэр фIахырт, я маисэхэмрэ сэшхуэхэмрэ сампIэм иралъхьэжырт, къамыгъэщхьэпэу. ЛъыкIэ зэбиитI зэхуэзамэ, Рэджэбым зым адрейр имылъагъу нэпцI зищIу щытащ, емызэуэн папщIэ.

Саубан щэхьабэ махуэм къиIуэтэжа хьэдисым мыр къыщокIуэ: «Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и гъусэу кхъэм дыдыхьат зэгуэри, зы щIыпIэ деж къыщыувыIэри, гъын щIидзащ. Апхуэдизкiэ гуащIэт щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и нэпсхэри, и джанэ бгъэгур псыф хъуат. «Уа Алыхьым и ЛIыкIуэ, сыт ущIэгъыр? Алыхьталэм уэхьий къыпхуигъэкIуауэ ара иджыпсту дыдэ?» - жызоIэри соупщI. «Уа Саубан, - къызжиIащ, - мыбдежым щIэлъхэм мащэм и хьэзабыр яшэч иджыпсту, сыщIэгъари аращ. Рэджэб мазэм махуэ зыбжанэкIэ хэнэщIыкIатэмэ, ахэр а псом къелынут».

Адрей хьэдисми девгъэдаIуэт: «Рэджэбым и япэ махуэм и жэщыр нэмэзрэ духьэкIэ зыгъакIуэм и гур лIэнукъым, адрейхэм ягухэр лIэжа нэужь. Алыхьталэм апхуэдэ цIыхур апхуэдизкIэ и фIыгъуэхэмкIэ щIигъэнэнущи, и анэм къыщилъхуа махуэм хуэдабзэу гуэныхьыншэ хъужынущ. А жэщым къыдэкIуа фIыгъуэм и къарукIэ абы цIыху 70-м нэс жыхьэнмэ хьэзабым къыхишыжыфынущ».

«Зыщывмыгъэгъупщэ, - жиIэу щытащ Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам, - Рэджэбыр Алыхьым и мазэщ. НэгъуэщI мыхъуми, зы махуэ закъуэ абы хиубыдэу нэщI зыIыгъым Алыхьыр арэзы къыхуэхъунущ».

АдэкIэ къэтхь хьэдисым хуэдэу Рэджэбым унэщIыным утезыгъэгушхуэ щыIэ къыщIэкIынкъым.

«Рэджэб мазэм зы махуэкIэ хэнэщIыкIым Алыхьым и фIыгъуэшхуэ къеуэлIэнущ.

Махуи 2-кIэ нэщIыфым бгым хуэдэу ину тыгъэ тIуащIэ къыхуащIынущ.

Махуи 3-кIэ а мазэм нэщI зыIыгъымрэ жыхьэнмэ мафIэмрэ я зэхуакум щIытI датIыкIынущ, и зы Iуфэм уикIыу адрейм унэсын папщIэ, илъэс гъуэгу зэпычын хуейуэ.

Махуи 4-кIэ нэщI зыIыгъыр и акъылыр зэкIуэкIыным, уэшыным (проказа), бэг узым кърелынущ, Дэджалым и Iейм щахъумэнущ.

Махуи 5-кIэ нэщIыр мащэм и хьэзабым къелынущ.

Махуи 6-кIэ нэщIым Къемэт махуэм и нэгур мазэ изым ещхьу, нурыр къыщхьэщихыу къэтэджыжынущ.

Махуи 7-кIэ нэщIым жыхьэнмэбжэр и пащхьэм щызэхуащIынущ, ар абы имыхьэн хуэдэу.

Махуи 8-кIэ нэщIым жэнэтыбжэр къыхуэзэIухынущ.

Махуэ 14-кIэ нэщIым зы цIыхум игъащIэм имылъэгъуа икIи зэхимыха фIыгъуэ къыпагъаплъэ.

Махуэ 15-кIэ нэщIыфым къылъысыну лъагапIэр апхуэдизкIэ лъапIэщи, абы зы мелыIычи Алыхьым и зы лIыкIуи блэкIынукъым мыр къыжримыIэу: «Дынохъуэхъу, уэ Iей псоми укъелакIэщ, зыри афIэкIа къыпщыщIыжынукъым». Рэджэбым нэщIахэм яхухэха уардэунэ Жэнэтым иту жызыIэ хьэдиси щыIэщ.

Махуэ 16-кIэ Рэджэбым нэщIахэр адрейхэм япэ Алыхьталэм IуагъэплъэнущI.

Махуэ 17-кIэ нэщIар къемыхьэлъэкIыу Жыхьэнмэ Лъэмыжым икIынущ.

Махуэ 18-кIэ нэщIам деж Ибрэхьим лъапIэр къеблэгъэнущ.

Махуэ 19-кIэ нэщIам Iэдэм Бегъымбар лъапIэр гъунэгъу къыхуащIынущ.

Махуэ 20-кIэ нэщIам гуэныхь къытенэжынукъым.

Рэджэб мазэ псом махуэ 30-кIэ нэщIам макъ щхьэщыIукIынущ: «Уа Алыхьым пэгъунэгъу цIыху! Адрейхэм къехьэлъэкIыну Махуэм уэ уагъэгуфIэнущ».

Мы мазэм и махуэхэмрэ и жэщхэмрэ яхухэха зикрхэмрэ нэмэзхэмрэ «Ислъамым и нурым» и адрей къыдэкIыгъуэхэм дыщытепсэлъыхьащи, къытедгъэзэнкъым. Алыхьталэм папщIэ цIыхум гурэ псэкIэ ищIэ псоми жэуап щхьэпэ игъуэтыну дыкъыщагъэгугъэкIэ, Рэджэбым дыхуэвмыгъэщхьэх.

Дин къыхуеджэныгъэр хэти иригъэкIуэкIыфынукъым

Хэти ещIэ, уи фIыгъэкIэ цIыхум фIым зыхуигъэзэным псапэу къыдэкIуэр. Ауэ диным къыхуеджэн Iуэхур япэ къэсым къехъулIэу зэрыщымытри гурыIуэгъуэщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, фIы ягу илъ хуэдэу, диныр щIыбагъ зыхуэзыщI куэд иджыпсту цIыхубэ утыкум къизэрыхьауэ, езыр-езыру щIэнынгъэ зэзымыгъэгъуэтыфхэмрэ Iуэхум хэзыщIыкIым еупщIыну я щхьэ тезымылъхьэхэмрэ ягъэщхьэрыуэ.

КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Гергоков Жамболэт РИА КъБР агентствэм хутепсэлъыхьащ а Iуэхум теухуауэ хабзэм къыхыхьа зэхъуэкIыныгъэхэм. ДяпэкIэ япэ къэсым диным къыхуриджэну хуамыдэжын къудейкъым, IэщIагъэрэ къулыкъукIэ къылъымысрэ пэт, а Iуэхум зезыпщытым тезыр тралъхьэнущ.

- Сыт дин къыхуеджэныгъэкIэ зэджэр икIи сыт хуэдэ хабзэ ар зыхиубыдэр?

- Дин къыхуеджэныгъэр «О свободе совести и религиозных объединениях» къэрал хабзэм и унафэм щIэтщ. Апхуэдэу йоджэ езыр зытет тхьэхуэпщылIыкIэ хабзэм нэгъуэщI еплъыкIэ зиIэхэм яхэту тепсэлъыхь цIыхум ищIэм. Апхуэдэм и мурадыр езым и дин къудамэм цIыху нэхъыбэ къыхишэнырщ. А лэжьыгъэр зыгъэзэщIэну хуитыр дин зэгухьэныгъэхэмрэ абыхэм хуит ящIахэмрэщ, ар цIыхубэ утыку, газет напэкIуэцI е интернет хэщIапIэ ирехъу. А къедбжэкIахэм химыубыдэхэр диным къыхураджэну хуит хъун папщIэ, дин зэгухьэныгъэм и унафэщIым къыбгъэдэкIыу, ар хуит зэращIам икIи апхуэдэ щIэнынгъэ зэрыбгъэдэлъым щыхьэт техъуэ дэфтэр иIэн хуейщ. Иужьрейр къезыта дин зэгухьэныгъэри къэралым апхуэдэ къалэн зыщищIахэр зэрыт тхылъым итыпхъэщ.

Хамэ къэрал гуэрым къикIыу, Урысейм диным къыщыхуриджэн мурадкIэ къэкIуам апхуэдэ хуитыныгъэ щигъуэтыр къезыгъэблэгъа дин зэгухьэныгъэм и дэфтэр IэщIэлъмэщ, къыщыхуриджэну щыхуитри а дин зэгухьэныгъэр здэщыIэ щIыпIэм и закъуэщ.

Узыхуэсакъыпхъэхэр

Дин лэжьыгъэм уи гур хуэбгъэушыныр зэрыфIыгъуэр псоми дощIэ. Ауэ зэчэнджэщынрэ зыдэплъеинрэ зимыIэхэм фIы зигу имылъхэм къыхуагъэув къапхъэнхэм щиубыд къахуохуэ. Апхуэдэхэм яхуэгъэзащ шэрихьэт щIэныгъэхэмкIэ доктор Щхьэныкъуэ Анзор и тхылъыщIэм («Без фанатизма: молодежь между крайностями») къыхэтха чэнджэщхэр.

ИНЫКЪУЭХЭМ жыджэрыIуэу зрачри, щIэхыу я къарур щIолIэж. Апхуэдэхэм зэуэ къэзыухъуреихьхэр яхъуэж, къаруушхуэ зыхь къалэнхэр зыхуагъэувыж, «диным хуэхейхэм» зыщадзей, тхылъ гугъухэм еджэну хуожьэ. Мазэ зыбжанэ докIри, апхуэдэм и пщэ дилъхьэжар хуэмыгъэкъаруужу мэхъу, ауэрэ и дин зехьэкIэм IэфIыр щIокI. Муслъымэныгъэр зы тхьэмахуэм зэфIагъэкI Iуэху цIыкIукъым, ар уи гъащIэ псом ныбдыкIуэцIрыкIынущ. Абы ухэлъэдэн хуейуэ аракъым, зызэтебухуэжу, узытетыпхъэм утетынырщ къалэн нэхъыщхьэр.

И щхьэми адрейхэми яхуэткIийхэр. Нэхъ пхъашэу зыкъагъэлъэгъуэху, Алыхьым нэхъ пэгъунэгъу хъууэ къызыщыхъухэр щыIэщ. ХеящIэу къэувхэу, шхыдэхэу, псори езыхэм я пщалъэхэмкIэ къапщын щIадзэ апхуэдэхэм. Диныр пэжу зэрызепхьэм и щыхьэтыр уи пхъашагъракъым. Ар къэзыгъэлъагъуэр уи гурщ, къыбдалъагъу щабагъырщ, уи пхыплъыкIэрщ.

Закъыхэгъэщын, «псом нэхърэ нэхъ захуэу» зыкъэгъэлъэгъуэн нэрыгъ. Куэдрэ гу лъыботэ зызыгъэткIийхэри диным хъийм икIауэ хуэерыщхэри ипэжыпIэкIэ езыхэр зыми къазэрыфIэмыIуэхум, мыхьэнэшхуэ къызэрырамытым ирисымаджэ къудейуэ зэрыщытым. Адрейхэм къахэщу, Iуэхум фIыуэ хащIыкI хуэдэу, «пэжым пэгъунэгъуфэ» къраплъу щытыну хуейщ ахэр. ФэрыщIыгъэ зыхэмылъ цIыху къабзэм фIэфIкъым адрейхэм къыщыхагъэщым деж, уеблэмэ гу къыщылъамытэм деж мэгуфIэ.

Iулъхьэм зэрыпэщIэтыр

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмк|э министерствэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIа зэIущIэм щагъэнэIуащ коррупцэм пэщIэтынымкIэ я лэжьыгъэм къриkIуахэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м я щхьэ шынагъуэншагъэмкIэ оперативно-къэлъыхъуэныгъэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ, полицэм и подполковник Машокъуэ Анзор къыщыпсалъэм тригъэщIащ я лэжьакIуэхэр къыхэхыным икIи къалэным пэрыгъэувэным мыхьэнэшхуэ зэриIэм, жиIащ щIэпхъаджагъэ зи гуращэхэр хабзэхъумэхэм я сатырхэм хэбгъэхьэ зэрымыхъунур. Апхуэдэуи къыхигъэщащ оперативно-къэлъыхъуэныгъэ, профилактикэ Iуэхухэр коррупцэм пэщIэтынымрэ я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымрэ зэрыщыщыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД-м Экономикэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтынымкIэ и управленэм и къудамэм и унафэщI, полицэм и подполковник Щоджэн Анзор жиIащ республикэ МВД-м и къудамэхэм мы илъэсым коррупцэм ехьэлIа щIэпхъаджагъэ 181-рэ къызэрыщIагъэщар. Абы хиубыдэу щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэр зылэжьа цIыху 77-рэ уголовнэ жэуапым ирашэлIащ. Къыхигъэщащ а къудамэм и оперативнэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэр коррупцэм пэщIэтыным, хэхауэ къэрал властымрэ щIыпIэ управленэмрэ ахэр къыщымыгъэхъуным зэрыхуэунэтIар, ар зэрыгугъур икIи куэд къызэрызэщIиубыдэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м кIэлъыплъыныгъэ-профилактикэ лэжьыгъэмкIэ и IэнатIэм и унафэщI, полицэм и майор Ким Владимир жиIащ илъэсыр къызэрихьэрэ я лэжьакIуэхэр коррупцэ хабзэншагъэ ялэжьыным хашэну 12-рэ зэрыхэтар. Къыхигъэщащ плъыр автомашинэхэр видеорегистраторхэмкIэ къызэрызэгъэпэщар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД-м и къулыкъур езыхьэкIхэм ядэлэжьэнымкIэ и управленэм къегъэбыдылIа инспекцэм пщэрылъ хэхамкIэ и инспектор нэхъыжь, полицэм и капитан Алборэ Тимур къытеувыIащ я IэнатIэм пыухыкIауэ къегъэщIылIа къалэнхэм.

- Коррупцэм къэралым и экономикэ, социальнэ зыужьыныгъэм хэщIыныгъэшхуэ иреt, жылагъуэ хабзэр къызэпеуд. Ар щымыIэн папщIэ къэралыр, граждан жылагъуэ институтхэр зэгъэуIуауэ зэдэлэжьэн хуейщ, - къыхигъэщащ Алборэм.

Брифингым и кIэухым спикерхэм журналистхэм я упщIэхэм жэуапхэр иратащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Дыгъэм зыщигъазэщ

Астрономхэри щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, ЩIы Хъурейм езым и джэлэсым и екIэрэхъуэкIыкIэм елъытауэ, гъэм и кIыхьагъкIэ Дыгъэм и зыгъэзэкIэми зехъуэж, дызэригъэхуабэ щымыIэу, щIымахуэм уэгум лъагэу зыщимыIэту.

2025 гъэм, бжьыхьэмрэ щIымахуэмрэ я зэхэкIыгъуэ дыдэу, ЩIы Хъурейм и джэлэсым зрилъыту, Дыгъэм зыщигъазэр дызэрыт мазэм и 21-м сыхьэтыр 18-рэ дакъикъи 3-м техуэщ (Москва къалэм тетщIыхьмэ).

ЗэрагъэунэхуамкIи, ди планетэм ищхъэрэкIэ гъэза и щIылъэныкъуэм щIымахуэр абдеж дыдэм къыщегъэжьауэ къыщихьэу аращ. Илъэс псом тетщIыхьмэ, дыгъэгъазэм и 21-м икIыу 22-м хуэкIуэ жэщыр нэхъ кIыхь дыдэщ, къыкIэлъыкIуэ махуэр зэрынэхъ кIэщIым къыдэкIуэу.

Ауэ щыхъукIи, нэху къыттезыгъащхьэ бзий дыщафэхэр мащIэ дыдэу фIэкIа къыщыттемыпсэ лъэхъэнэм дынэсауэ аращ. Ар хуозэ - високоснэ илъэсхэм дыгъэгъазэм и 22-м, мыдрей гъэхэм дыгъэгъазэм и 21-м.

Плъыфэбэущ ди нэгу къызэрыщIыхьэр

А зэблэхъугъуэм и щхьэусыгъуэр, астрономхэр зэрегупсысымкIэ, дыгъэгъазэм и 21-м ирихьэлIэу, ЩIы Хъурейм и экваторым Дыгъэр здэщыIэ уахэ жыжьэм хуэлъэныкъуабэ дыдэ, градус 23-м зымащIэкIэ фIэкIа щIримыгъэгъуу, зэрызыхуищIырщ. Абдежым ди планетэм и ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ махуэм и нэхур - сыхьэти 7-м нэблагъэкIэ, жэщым и кIыфIыр - сыхьэт 17-кIэ щекIуэкI хабзэщ. Ищхъэрэ жыжьэм щыпсэухэм я гугъу тщIымэ, мы зэманым Дыгъэр щамылъагъухэр нэхъыбэщ, щIэплъыпIэм къызэрыкъуэмыкIым къыхэкIыу.

Ди нэгу къытхущIэгъэувэнущ зэман жыжьэхэм бгъуэнщIагъхэмрэ щIыунэхэмрэ фIэкIа псэупIэ зимыIахэм я дежкIэ щIымахуэр щIыIэмрэ мэжэщIалIагъэмрэ къащытепсыхэ гуихыу зэрыщытари.

ЩIэныгъэм мыхьэнэ ин зрит мы къекIуэкIыгъуэр зэрыблэкIыу, ипщэ щIыналъэхэмкIэ, «зэрыхузэфIэкIкIэ», екIуэтэкIа Дыгъэр, дыщыпсэу лъэныкъуэхэмкIи гъатхэр къызэрыщригъэхьэжын хуейм зытриухуэж хуэдэ, и зыгъазэ зы мазэми, къелъэпIэстхъэкIыжу щIедзэ икIи илъэсыщIэм ирихьэлIэу махуэм и кIыхьагъыр дакъикъиблкIэ хегъэхъуэж.

Дыгъэгъазэр зэрыщыIэм ди япэ псэуахэми гу зэрылъатэрэ куэд щIащ. Жыжьащэ дымыкIуэу къыхэдгъэщынщи, абыкIэ щыхьэтщ илъэс щитI ипэкIэ нэгъуэщI щIыналъэхэм къикIыу адыгэхэм я деж къэкIуауэ щыта зыплъыхьакIуэхэм ящыщу щIэныгъэ нэхъ зыбгъэдэлъхэм къытхуагъэна тхыгъэхэри.

Абыхэм къызэрыхэщыжымкIэ, адыгэхэм «Созрэщ» (Дыгъэгъазэ) зыфIаща тхьэлъэIу махуэр Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу адрей лъэпкъхэми ижь-ижьыж лъандэрэ яIэту щыта Iуэхугъуэщ, иужьым, муслъымэн диныр къыщащтэм, тIэкIу-тIэкIуурэ IуагъэкIуэтыжа пэтми.

ЦIыхухэм дыгъэгъазэм хуаIэ еплъыкIэр и нэхъыбэм зэтохуэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, ар щIыуэпсым къыщыхъу зэблэкIыгъуэ нэхъ лъэщ дыдэхэм зэрыхабжэр. Нэхъыбэм къызэралъытэмкIэ, а махуэм хуэзэу, къамыгъэсэбэпыж е зэрамыхьэж щыгъынхэмрэ хьэпшыпхэмрэ зыхуей гуэрхэм етыжыпхъэщ е хыфIэдзапхъэщ, унэ кIуэцIхэр къыщIэгъэкъэбзыкIынми лъапсэм щикъухьахэр щызэщIэкъуэнми гулъытэ хуэщIын зэрыхуейри зыщамыгъэгъупщэу.

КъинэмыщIауэ, дызыщыгугъ зэхъуэкIыныгъэфIхэм гъуэгу еттыныр абыкIи зэрызэфIэмыкIынур къызыгурыIуэхэм зэрагъэувымкIэ, ди акъылыр хуэдгъэзапхъэщ илъэсыщIэпежьэу хьэл-щэн дахэхэр зэрызыхэтлъхьэным, дигу иримыхьхэр зэрызыхэднэным, зи щIыхуэ ттелъхэм зэреттыжыным, зи жагъуэ тщIахэм дазэрекIужыным.

ЦIыхухэм ижькIэрэ гу зылъата нэщэнэхэм ятетщIыхьмэ, дыгъэгъазэм и 22 пщэдджыжьым и плъыфэм елъытащ щIымахуэм адэкIэ зыкъызэрыдигъэлъагъунури. Псалъэм папщIэ, а махуэр щIыIэбжьрэ жьыи къемыпщэмэ, къэкIуэнум къытхуихьынур уаерэ уэсрэщ, уафэр къащхъуэрэ дыгъэри къыттепсэмэ (лъахъшэ пэтми), дунейм и щытыкIэм куэдрэ дызэригъэгуфIэнум шэч къытевмыхьэ. А махуэм жыгхэм жэп ятрищIамэ, ари нэщэнэфIу ябжыр - гъэр бэву къызэрыщIэкIынум и хъыбарегъащIэщи.

Гъатхэхуэплъэ лъэхъэнэ

АтIэми, бжыгъэхэр зэгъэзэхуэнымрэ зэкIэлъыгъэкIуэнымкIэ астрономхэр математикхэм къазэрыкIэрыху щыIэкъым. Ар икIи гурыIуэгъуэщ. Хьэршым къыщекIуэкIхэр зыджхэм къызэрапщытауэ, дыгъэгъазэм и 22-м щIэзыдза «щIымахуэ дыдэм» и пIалъэр щикIыр махуэ 88-рэ сыхьэт 23-рэ дакъикъэ 38-рэ дэкIа иужькIэщ. НэгъуэщIу къэдгъэлъагъуэмэ, дызыхуэкIуэ 2026-нэ гъэм гъатхэпэм и 20-м, ди къэралым и къалащхьэ Москва къызэрыщабж зэманымкIэ, сыхьэтыр 17-рэ дакъикъэ 45-рэ секундэ 14-м дежщ. КъызэралъытэмкIи, а далэращ ипэжыпIэу гъэрэ щIырэ щызэхэкIри. АбыкIэ щыхьэтщ щIымахуэ жэщхэм я нэхъ кIэщI дыдэмрэ (сыхьэт 11-рэ дакъикъэ 48-рэ секундэ 52-р) махуэхэм я нэхъ кIыхьымрэ (сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 11-рэ секунди 8-р) абдежым зэрыщызэрихьэлIэри...

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

ПщIэншэу кIуэда духьэхэр

IисраIил и бынхэм диным и гур етауэ зы цIыху яхэтт, фIы дыдэу илъагъуу щхьэгъусэ иIэу. ЛIым къыхуэарэзы Алыхьталэм абы мелыIыч къыхуигъэкIуащ, лъэIуищкIэ зыхуигъазэмэ, къызэрыхуищIэнумкIэ къигъэгугъэу.

АРАТИ, лIым ар и щхьэгъусэм хуиIуэтэжащ, сызэрелъэIунур сщIэркъым, жыхуиIэу. «ИIэ, зы лъэIур сысейуэ, адрей тIур ууейуэ дыгъэщI», - жеIэ цIыхубзым. «СыткIэ сыпхуелъэIун?» - йоупщI лIыр и щхьэгъусэм. «Псом нэхърэ нэхъ дахэ сыхъуну схуелъэIу», - жеIэ модрейм.

ЛIым духьэ ищIри, и щхьэгъусэр пхуэмыIуэтэну тхьэIухуд хъуащ.

Махуэ гуэрым цIыхубзым дэкIыну зыкърихати, и лIыр къоупщI: «Дэнэ уздэкIуэр?» «Пащэм деж сокIуэ. Сыт сэ си дахагъэр уэ пхуэдэ цIыхум щIытезгъэкIуэдэнур?» - жэуап кърет и щхьэгъусэм. ЛIым ар къигъэувыIэну хэтащ, арщхьэкIэ хузэфIэкIакъым.

Ауэрэ цIыхубзым и дахагъэм и хъыбар сулътIан гуэрым зэхех, и пщылIхэр къегъакIуэри, лIым и щхьэгъусэр щхьэхуимыту сэрейм яшэ. Сыт ищIэжынт лIым? «Ялыхь дэ ди Тхьэ! Сэ иджыри лъэIуитI къысхуэнэжащ, къысхуэпщIэну сыкъэбгъэгугъауэ. Ялыхь! Си щхьэгъусэр номин щIы!» - зыхуигъэзащ абы Алыхьталэм. Арати, цIыхубзыр номин щыхъум, сулътIаным ар къыщIихужащ, мори и лIым деж къэкIуэжащ. «Ялыхь, си щхьэгъусэр зэрыта теплъэм игъэувэж», - лIым ещанэу Алыхьталэм зыхуегъазэ. ЦIыхубзыр зэрыщытам хуэдэу хъужащ. Абдежым тIуми къагурыIуащ я лъэIуищыр пщIэншэу зэрагъэкIуэдар.

ЦIыхум зыхуей псори Алыхьталэм къыщIыхуимыщIэр языныкъуэхэм деж и щхьэм и зэран зэрекIыжыр армырауэ пIэрэ?

ЩIышылэм и нэмэз щIыгъуэхэр

• Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыкъуэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, махуэку	06.08	07.38	12.20	14.31	16.43	18.23
2, мэрем	06.08	07.38	12.20	14.32	16.43	18.23
3, щэбэт	06.08	07.38	12.20	14.32	16.44	18.24
4, тхьэмахуэ	06.08	07.38	12.21	14.33	16.45	18.25
5, блыщхьэ	06.08	07.38	12.21	14.34	16.46	18.26
6, гъубж	06.08	07.38	12.22	14.35	16.47	18.27
7, бэрэжьей	06.08	07.38	12.22	14.36	16.48	18.28
8, махуэку	06.07	07.37	12.23	14.37	16.49	18.29
9, мэрем	06.07	07.37	12.23	14.38	16.50	18.30
10, щэбэт	06.07	07.37	12.24	14.39	16.52	18.32
11, тхьэмахуэ	06.06	07.36	12.24	14.40	16.53	18.33
12, блыщхьэ	06.06	07.36	12.24	14.41	16.54	18.34
13, гъубж	06.06	07.36	12.25	14.42	16.55	18.35
14, бэрэжьей	06.05	07.35	12.25	14.43	16.56	18.36
15, махуэку	06.05	07.35	12.25	14.44	16.57	18.37
16, мэрем	06.04	07.34	12.26	14.45	16.59	18.39
17, щэбэт	06.04	07.34	12.26	14.46	17.00	18.40
18, тхьэмахуэ	06.03	07.33	12.26	14.47	17.01	18.41
19, блыщхьэ	06.02	07.32	12.26	14.48	17.02	18.42
20, гъубж	06.02	07.32	12.27	14.49	17.04	18.44
21, бэрэжьей	06.01	07.31	12.27	14.50	17.05	18.45
22, махуэку	06.00	07.30	12.28	14.52	17.06	18.46
23, мэрем	05.59	07.30	12.28	14.53	17.08	18.48
24, щэбэт	05.59	07.29	12.28	14.54	17.09	18.49
25, тхьэмахуэ	05.58	07.28	12.28	14.55	17.10	18.50
26, блыщхьэ	05.57	07.27	12.29	14.56	17.11	18.51
27, гъубж	05.56	07.26	12.29	14.57	17.13	18.53
28, бэрэжьей	05.55	07.25	12.29	14.58	17.14	18.54
29, махуэку	05.54	07.24	12.29	14.59	17.16	18.56
30, мэрем	05.53	07.23	12.29	15.01	17.17	18.57
31, щэбэт	05.52	07.22	12.29	15.02	17.18	18.58

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр



«Мамэ, бжьыхьэр щIэгъанэ!»

Апхуэдэ фIэщыгъэ зиIэ выставкэр фигу зэрыдыхьэнум шэч хэлъкъым. КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм хэт сурэтыщI Абисаловэ Заринэ и IэдакъэщIэкIхэр.

ВЫСТАВКЭР къызэрагъэпэщащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, КъБР-м и Лъэпкъ музейм, КъБР-мрэ Ставрополь краймрэ я СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэхэм я правленэхэм.

Гъэлъэгъуэныгъэм къызэщIеубыдэ иужьрей илъэситхум Заринэ и Iэдакъэ къыщIэкIахэм ящыщ сурэт щхъуэкIэплъыкIэу 50-м щIигъу. Ахэр нэхъыбэу зытеухуар бзылъхугъэм и нэкIэ дунейр зэрилъагъурщ. Лэжьыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъуащ унагъуэм и лъапIэныгъэхэр, щIыуэпсым гупсэхугъуэ къуэзэритыр, сабиигъуэм теухуа гукъэкIыжхэр. Дэтхэнэ зы сурэтри лъагъуныгъэрэ гъащIэм теухуа гупсысэкIэ гъэнщIащ.

- Заринэ и IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ къызэрызэIуахыр щызэхэсхым, и адэ Юрэ сцIыхурти, абы и сурэт щIыкIэм ижь и пхъум къыщIихуауэ хуэзгъэфэщат, арщхьэкIэ мыбдеж щыдолъагъу мы лэжьыгъэхэр зыми зэремыщхьыр, - жиIащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Црым Руслан. - Юрэ илъэс куэдкIэ ди щIыпIэм щыпсэуащи, доцIыху, пщIэ худощI. Иджы и пхъур абы и лъагъуэм зэрырикIуэр долъагъури, и IэрыкIхэр куэдрэ Налшык щагъэлъэгъуэну, гъуазджэм зэфIэкI ин щиIэну ди гуапэщ. Заринэ, си гуапэу сынохъуэхъу! Уи адэ-анэр Тхьэм пхуигъэузыншэ!

УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм хэт Аккизовэ Имарэ жиIащ Заринэ и IэдакъэщIэкIхэр Налшык къызэришар гуапэ зэрыщыхъуар, езы тIум тыншу икIи псынщIэу «бзэ» къызэрыздагъуэтар, ныбжькIэ щIалэми, сурэтыщIым дилъэгъуа Iущыгъэм зэрыдихьэхар. Имарэ зэхуэсахэм ехъуэхъуащ мы выставкэ гъэщIэгъуэнымкIэ илъэсыр зэрызэхуащIыжымкIэ.

УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, ХудожествэхэмкIэ Урысей Академием и академик, художник, Заринэ и адэ Абисалов Юрэ къытеувыIащ я унагъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым пыщIэныгъэ быдэ къызэрыхуиIэм, 60 гъэхэм и адэр лэжьэну къыщрагъэблэгъам я унагъуэр Налшык къызэрыIэпхъуам икIи зэрыщыпсэуам, иджыри и къуэш нэхъыщIэр мы къалэм зэрыдэсым, щIэх-щIэхыурэ адэжь лъапсэм къызэрыкIуэжхэм, Осетиемрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щыпсэухэр зэрызэхуэгуапэм зэрыригушхуэм. Лэжьыгъэхэм теухуауэ Юрэ жиIащ Заринэ езым и лъагъуэ къызэригъуэтыжам, плъыфэхэм зэрыщымышынэр, и IэдакъэщIэкIхэм гупсысэ куу зэращIэлъыр, дяпэкIи нэхъри зыкъызэкъуихыну зэрыщыгугъыр. Абы и псалъэм щIигъужащ езым и IэдакъэщIэкIхэр иджыри Налшык щигъэлъэгъуэну къыхуимыхуами, и пхъум и лэжьыгъэхэр ягу зэрыдыхьам зэрыщыгуфIыкIыр. Абисалов Юрэ фIыщIэ яхуищIащ гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы зыкърезыгъэхьэлIахэмрэ.

КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ и псалъэм къыхигъэщащ республикэм и щэнхабзэмкIэ мы мы гъэлъэгъуэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, ар гъуазджэм и махуэшхуэу къызэрилъытэр. Абы игу къигъэкIыжащ Владикавказ щыкIуам, Абисалов Юрэ и лъэщапIэм, Заринэ и сурэтхэр япэу зэрыщилъэгъуар икIи ахэр игу дыхьэу сурэт ятрихауэ зэрыщытар. Жаннэ жиIащ ХудожествэхэмкIэ Урысей Академиемрэ УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэмрэ нэгъабэ къызэрагъэпэща зэпеуэм Заринэ зэрыщытекIуар икIи КъБР-м СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ и музейм ахэр щыщызэхуэзам, мы гъэлъэгъуэныгъэр къызэрагъэпэщыну мурад зэращIар.

- Мы сурэтхэр псэр зыгъэгуфIэщ. Нобэ гъуазджэм и махуэшхуэу жыпIэ хъунущ. Гъэлъэгъуэныгъэр щагъэхьэзырым, плъыфэхэмрэ гупсысэмрэ куэду щызэхэухуэна дэтхэнэ зы сурэтми зыщызмыгъэнщIу сеплъырт. Абыхэм къуат гукъыдэжым гъуни нэзи яIэкъым. Мы сурэтхэр зи IэрыкI Заринэ зэрыцIыху Iущым икIи гъэщIэгъуэным шэч къытепхьэркъым. Апхуэдиз дахагъэ къызэрыбгъэщIамкIэ сынохъуэхъу, Заринэ! АдэкIи Тхьэм уригъэфIакIуэ! - жиIащ Къаныкъуэ Жаннэ.

Абисаловэ Заринэ къызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIащ. Гъэлъэгъуэныгъэм и фIэщыгъэм теухуауэ Заринэ жиIащ и сабиигъуэм теухуа гукъэкIыжыр абы лъабжьэ зэрыхуэхъуар икIи ардыдэр - «Мамэ, бжьыхьэр щIэгъанэ!» - зыфIища зы сурэти гъэлъэгъуэныгъэм зэрыхигъэхьар.

Илъэситху щыхъум, Заринэ и адэшхуэр дунейм ехыжащ. Абы ехьэлIа дауэдапщэхэм щымыгъуазэ сабийм зыхилъхьэ щыIэтэкъым урыс уэрэджыIакIуэхэм ящыщ зым игъэзащIэ «Осень» уэрэдым едэIуэныр. Ар зэпымыууэ и анэм и ужь итт: «Мамэ, бжьыхьэр щIэгъанэ!» жиIэу лъаIуэу. И анэм абы жэуап къритыжырт: «Зэ умыпIащIэ, тIэкIу дэкIмэ, щIэзгъэнэнщ». Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэмкIэ, цIыхур дунейм ехыжа нэужь, махуэ 40 дэмыкIауэ уэрэд уедэIуэныр емыкIущ.

- А гукъэкIыжхэр зэпхар анэм быным хуиIэ шыIэныгъэрщ, хуабагъэрщ, лъагъуныгъэрщ. Анэр зэрызгъэгузавэмрэ къызэрызэлъэIумрэ къриIкIуащ «Мамэ, бжьыхьэр щIэгъанэ!» фIэщыгъэр. Сабиигъуэм епха нэгъуэщI си гукъэкIыжхэми нэгъуэщI сурэтхэри къагъэщIащ... Абыхэм щыщ хэзгъэхьащ мы гъэлъэгъуэныгъэм, - жиIащ Заринэ. -Дэтхэнэ зы лэжьыгъэми кIэщIэстхащ абы теухуа тхыгъэ кIэщI. Владикавказ сыкъыщыхъуащ, иджыпсту Ставрополь къалэм сыщопсэу. Си IэдакъэщIэкIхэм къалэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэухэр щызгъэгъуэзэну сыщIохъуэпс. Мы выставкэр зэ Ставрополь утыку къыщисхьащ. ИужькIэ Владикавказ къалэм и Лъэпкъ музейм щагъэлъэгъуащ. Иджы Налшык къэсшащи, фигу дыхьэмэ, си гуапэщ!

Гъэлъэгъуэныгъэр щIышылэм ику пщIондэ екIуэкIынущи, ИлъэсыщIэм и зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм ирихьэлIэу сурэтхэм феплъыну Iэмал фиIэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Тхыпхъэр, гупсысэр, макъамэр....

Гъуазджэр, щэнхабзэр, макъамэр, IэпэIэсэныр зэрихьэлIа нэужь, телъыджэщ кърикIуэр. Ар псом хуэмыдэу гурыхьщ лъэпкъым щыхуэгъэзам деж. Налшык, НыбжьыщIэхэм я театрым (ТЮЗ-м) щекIуэкIащ «Iуданэ» зыфIаща щыгъын гъэлъагъуэ пшыхь. Щоджэн ФатIимэ, Хьэгъэжей Елдар, Сэралъп зэшыпхъухэу Лалинэрэ Ликэрэ сымэ ящIа фэилъхьэгъуэхэр ягъэлъэгъуащ ,«Щыблэ» уэрэджыIакIуэ гупым я макъамэм щIэту. Гъэлъэгъуэныгъэм и фIэщыгъэм и мыхьэнэр дэным, щэкIым, щыгъыным епхауэ узэрегупсысым хуэдэу, щIагъыбзэ дахи хыболъагъуэ. IуданэкIэ щэкIыр «зэрызэIулIам» хуэдэу, гупсысэрэ IуэхущIафэкIэ зэтехуэ цIыхухэр къуэпс быдэ гуэркIэ зэпыщIащ. Щыгъыным деж щыIэр Iуданэмэ, цIыхухэм я зэхуакум - псэщ...

«ХЬЭЦЫБАНЭ» брендыр зей Щоджэн ФатIимэ игъэлъэгъуащ «Амазонкэхэр» зыфIища фэилъхьэгъуэхэр. Лъэпкъ тхыпхъэхэм, езы брендыр къызытрищIыкIа къэкIыгъэм - хьэцыбанэм - зыми емыщхьу къигупсыса пщампIэхэмрэ Iэщхьэхэмрэ, пщэдэлъхэм, щIыIухэм, щхьэрыпхъуэнхэм, IэлъэщIхэм, щыгъынхэм я плъыфэхэр зэрызэгъэкIуам фэилъхьэгъуэхэр щIэщыгъуэ ящIащ. Пщащэу хъуам я щхьэцыр зэхуэмыдэурэ ухуэнауэ утыкум зэритар а псом хэлъхьэжи - адыгэ амазонкэхэм я иджырей теплъэ хьэзырщ. ЗэкIужу, хуиту, нэмыс яхэлъу, ягу утIыпщауэ! Фэилъхьэгъуэхэр зыщыгъ пщащэхэр утыкум къихьэным ипэ къэхуэу, ягъэлъэгъуащ модельерым и коллекцэм «Амазонкэ» щIыфIищар къэзыгъэнаIуэ видеотеплъэгъуэр. Щоджэн ФатIимэ ида фэилъхьэгъуэхэм плъыфэхэм ящыщу плъыжьыр къыщыхэщащ, мащIэми, гупсысэр ипхъуатэу. И брендым и фIэщыгъэм - хьэцыбанэм - и дамыгъэ хуэдэт ар. БгъэIулъхэм яхэплъагъуэрт, псалъэм папщIэ, хьэцыбанэ теплъэ зиIэ тхыпхъэу хэдыкIахэр. Зы фэилъхьэгъуэм щхьэрыпхъуэн плъыжь щIыгъут - ар псоми ягу ираубыдауэ си гугъэщ. ИкIи абы теухуауэ плъыфэми къылъыс мыхьэнэигъэзэщIауэ къыщIэкIынущ.

Сэралъп Ликэ и фэилъхьэгъуэхэм фIищащ «Черкесский круг». Фащэхэр зыщыгъ пщащэхэмрэ щIалэхэмрэ утыкум къихьэн ипэ, фэилъхьэгъуэхэм я теплъэхэр зэблэхъуу иджырей техникэ Iэмал гъэщIэгъуэнхэмкIэ слайдхэм къыщагъэлъэгъуащ. Коллекцэм хэтащ бзылъхугъэ, цIыхухъу фэилъхьэгъуэхэр. Бгырыпхым, бзылъхугъэ бгъэгуIулъхьэм, пыIэм Ликэ ялейуэ гулъытэ зэрахуищIар плъагъурт. Бгырыпх зэхуэмыдэхэр ящIэлът, бгъэгуIулъхьэхэр иджырей бзылъхугъэ фэилъхьэгъуэм екIуу хэзэгъат, пщащэ пыIэхэр лIэужьыгъуэ зыбжанэ хъурт. ГъэщIэгъуэныщэт щIыIутелъ щыгъынхэри.

Сэралъп Лалинэ и коллекцэм щызэхэухуэнат махуэ къэс щатIагъэ фэилъхьэгъуэхэмрэ пшыхьхэм щыкIуэкIэ зыщатIагъэхэмрэ. «Стилистический микс изделий повседневных и вечерних» фIищащ и коллекцэм. Езы модельерыр пщащэ гъусэ иIэу утыкум къихьащ. Хъыджэбзым щыгъ фащэм щэкIыр зэралэ краскэкIэ хицIэлыхьащ Лалинэ - IэщхьэтхьэмпэхэмI, бгъэIулъым хужьу, фIыцIэу тхыпхъэхэр хищIыхьащ. АпщIондэхункIэ и коллекцэм хэт щыгъынхэр утыкум щагъэлъэгъуащ пщащэхэмрэ щауэхэмрэ. Лалинэ и фэилъхьэгъуэхэм я плъыфэт хужь, фIыцIэ, яжьафэ. Модельерым IэкIуэлъакIуэу зэригъэкIуащ тхыдэмрэ иджырей гъащIэмрэ. ЩэкIыр, мастэ-Iуданэр, къызэрымыкIуэ гупсысэр и Iэмалу пасэреймрэ иджыреймрэ хуэфэщэну зэлъигъэIэсащ.

ЕплIанэу ягъэлъэгъуащ «Хасэ» брендым и фэилъхьэгъуэхэр. Хьэгъэжей Елдар и коллекцэм хигъэхьащ бзылъхугъэ, цIыхухъу фэилъхьэгъуэхэр. Махуэ къэс тыншу щыбгъэгъ хъу иджырей фэилъхьэгъуэхэм кIэрилъхьащ адыгэ тхыпхъэхэр, лъэпкъ гупсысэ зыхэлъ сурэтхэр. Плъыфэхэм ящыщу куэд хэтащ Хьэгъэжейм и щыгъынхэр къызыхищIыкIа щэкIхэм. Нэжэгужагъ гуэр къыхэщащ коллекцэм.

Адыгэ гупсысэ къызыхэщ иджырей фэилъхьэгъуэхэр ягъэлъэгъуэныр къызэрымыкIуэу щIэщыгъуэ ящIащ макъамэмрэ уэрэдымкIэ «Щыблэ» гупым. Абыхэм ягъэзащIэ хабзэщ пост-фолк, нео-фолк макъамэ лIэужьыгъуэхэр. Ар цIыхубэм ягу дыхьащ макъамэ щIэщыгъуэкIэ. Пасэрей уэрэд жыIэкIэри макъамэ гъэIукIэри иджырей IукIэм хуагъакIуэ, пасэреймрэ иджыреймрэ зэрапх щIалэгъуалэми нэхъыжьыIуэхэми ягу дыхьэн хуэдэу. Гупыр къыщыунэхуар 2024 гъэрщ, итIани куэдым къацIыхуащ, я макъамэхэр кърагъауэ, псом хуэмыдэу адыгэ щIалэгъуалэм ягу ирохь абыхэм я макъамэ-гъуазджэ дунейм зыщагъэпсэхуну. Хэт гупым хэтхэр? Къардэн Анжеликэ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтыр музыканту къиухащ, дирижёрщ, хормейстерщ, оранжировщикщ. Пащты Гупсэ ГъукIэ Замудин и гъэсэн шыкIэпшынауэщ. КIатэ (Кятова) Зуридэ Къэрэшей-Шэрджэсым щыщщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым еджэну къэкIуащ, макъамэ гупыр гъуазэ хуэхъуащ. Пшынэ йоуэ, уэрэд жеIэ. Ашыбокъуэ Астемыр оранжировкэмкIэ жэуап ехь, уэрэд жеIэ. Гупым ягъэзэщIэну уэрэдхэр зэхуехьэс икIи къыхех. Дэтхэнэ уэрэдми и хъыбар зрегъащIэ, уэрэдыжьхэм я тхыдэхэр фIэгъэщIэгъуэну едж. «Щыблэ» гупым хэт щIалэгъуалэр зэчииифIэщ, макъамэм и дунейм гурэ псэкIэ хыхьэф къудей мыхъуу, езыхэми я Iэдакъэм къыщIокI макъамэ дахэхэр. «Iуданэ» щыгъын гъэлъэгъуэныгъэм хэлъщ абыхэм я лэжьыгъэшхуэ. «Щыблэм» бренд къэс макъамэ щхьэхуэ хуатхащ. Макъамэм яхэтт нэхъ хуэми, нэхъ нэжэгужи, философие зыхэлъи, жьым хэту къыпфIэщ макъамэ хуити. Макъамэр щыгъыным ебгъэкIуын папщIэ а щыгъыным и дыкIэм, и хъыбарым, и тхыпхъэхэм, зэрыгъэщIэрэщIа Iэмалхэм хэпщIыкIын хуейщ. АтIэ макъамэ гупым а псор яджащ икIи зэпалъытащ, макъамэ къыхуагупсысын ипэкIэ. КъайхъулIащ. Иджырей адыгэ дуней, ди щIалэгъуалэм я гупсысэ узыншэ, щэнхабзэ дагъэлъэгъуащ, макъамэм лъэр зэрыщIигъэкIыр, фэилъхьэгъуэ тыншым IэпкълъэпкъыP зэриузэхур къыдгурагъэIуащ «Щыблэ» гупым, «Iуданэ» зыфIаща Iуэхум зи фэилъхьэгъуэхэр щызыгъэлъэгъуа Щоджэн ФатIимэ, Сэралъпхэ Лалинэрэ Ликэрэ, Хьэгъэжей Елдар сымэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Тхэквондо

Дамир Европэм и вице-чемпионщ

Олимп джэгухэм хыхьэ тхэквондо лIэужьыгъуэмкIэ (ВТФ) Европэм пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ дыгъэгъазэм и 11 - 14-хэм Косовэм и къалащхьэ Приштинэ щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ къэрал куэдым я спортсмен лъэщхэр, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 500-м нэблагъэ, я ныбжькIэ илъэс 21-м щIимыгъуауэ.

УФ-м и командэ къыхэхам хэту зэхьэзэхуэм щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсмен, Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и гъэсэн Iусен Дамир икIи, ди гуапэ зэрыхъущи, дыжьын медаль абы къыщихьащ.

Килограмм 58-рэ зи хьэлъагъхэм я деж ди щIалэм зэIущIих щригъэкIуэкIати, тхум щытекIуащ, ауэ финалым абы къыщыпэщIэта, Тыркум щыщ спортсмен Бадем Исуф мызыгъуэгукIэ нэхъ лъэщу къыщIэкIащ.

Iусен Дамир дэлажьэр УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амирщ.

БАТОКЪУЭ Алим.

КъБР-м ветеринариемкIэ и управленэм и хъыбарегъащIэ

«КЪЭРАЛ къулыкъущIапIэхэмрэ щIыпIэ самоуправленэхэмрэ я лэжьыгъэр хэIущIыIуу щытын» УФ-м и къэрал унафэм ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм Ветеринар IуэхухэмкIэ и управленэм цIыхубэр щыгъуазэ ещI социальнэ зэпыщIапIэхэм напэкIуэцI зэрыщаIэм.

ДяпэкIэ ветеринархэм я хъыбархэр «Вконтакте», «Одноклассники», «Телеграм» социальнэ зэпыщIапIэхэм къыщывгъуэтынущ.

КъулыкъущIапIэм и официальнэ напэкIуэцIхэм сурэтхэр, видео гъэщIэгъуэнхэр, управленэм нэхъ щIэщыгъуэу къыщыхъухэр къралъхьэ.

КъБР-м ветеринар IуэхухэмкIэ и управленэм и хъыбархэм и лъабжьэкIэ къакIуэ хэщIапIэхэм щыгъуазэ зыщыфщIыфынущ:

Вконтакте: https://vk.com/uprvet07?from=groups
Одноклассники: https://ok/ru/group/70000004250792
Телеграм: https://t.me/uprvet07

ПэхуэщIэхэм пащэ

«Къуажэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балкъэрым и жылэхэр зэIузэпэщ щIыным хуэунэтIауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ пэхуэщIэу 5 республикэм щагъэзэщIэнущ дызыхуэкIуэ илъэсым.

АБЫХЭМ ящыщу тIур Прохладнэ районым щыIэщ. Ахэр Солдатскэ жылэм дэт, щIыналъэ-щэнхабзэ мыхьэнэ зиIэ, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэплъым къедза щIыпIэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ Алътуд къуажэм ХьэхъупащIэм и цIэр зезыхьэ и уэрамым и лъэс лъагъуэхэр, аллеер, лъакъуэрыгъажэкIэ щызекIуэ гъуэгухэр щыухуэнымрэщ.

Дзэлыкъуэ щIыналъэм и Псынэдахэ къуажэмрэ Май районым и Александровскэ жылэмрэ сабийхэм я джэгупIэхэр щащIынущ, зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ ахэр къызэрагъэпэщынущ, унагъуэхэм зыщагъэпсэхун, я нэгу зыщрагъэужьын щIыпIэхэри хэту.

Бахъсэн къалэм хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм КъБР-м и Япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ утыкум баскетболым хуэщIа губгъуэрэ сабий джэгупIэрэ дызыхуэкIуэ илъэсым гъатхэм ухуэн щыщIадзэнущ икIи гъэмахуэм ипэхэм ирихьэлIэу ар и кIэм нагъэсын мурад щыIэщ. Лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIыну щIыпIэр псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 1,5-рэ мэхъу.

«Дыгулыбгъуей къуажэм цIыху мин 20-м щIигъу щопсэу икIи мыпхуэдэ щIыпIэм ахэр икъукIэ хуэныкъуэщ», - жиIащ Бахъсэн къалэ администрацэм и унафэщI Мамхэгъ Хьэчим.

Къэрал, республикэ бюджетхэм къыхэкIыу ищхьэ IуэкIэ зи гугъу щытщIа пэхуэщIэхэм сом мелуан 12,8-рэ трагъэкIуэдэнущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Ди щIалэхэм етIуанэ увыпIэр къахь

«Къалэхэм я зэхэуэ» фIэщыгъэр зэрихьэу дзюдомкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэ Сочэ къалэм и «Сириус» щIыналъэм иджыблагъэ щекIуэкIащ. Ди гуапэ зэрыхъущи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм и «Локомотив» спорт клубым етIуанэ увыпIэр абы къыщихьащ.

ЗЭПЕУЭМ хэтащ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я командэу 24-рэ, хамэ къэралхэм щыщу США-м, Франджым, Словением, Корее Ипщэм, Монголием, Бразилием, Алыджым, Кубэм я бэнакIуэхэр. Псори зэхэту гуп 32-рэ хъуащ, спортсменхэм я ныбжьыр илъэс 18-м щIимыгъуауэ.

Зэхьэзэхуэм и суперфиналым икIын папщIэ Налшык и командэр япэщIыкIэ гуп зэпеуэм хэтащ икIи япэ увыпIэр абы къыщихьащ. Ди щIалэхэм ирагъэкIуэтэкIащ Челябинск, Липецк, Ченджу (Корее Ипщэ) къалэхэм я лIыкIуэхэр. АдэкIэ, плей-оффым и 1/8-нэ Iыхьэм абыхэм къащыхуэзащ Мэзкуу къалэм и командэ къыхэхам и бэнакIуэхэр, къыхэбгъэщмэ, япэ увыпIэр зэхьэзэхуэм къыщызыхьыну зыхуагъэфэщахэр. Ауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и дзюдоист ныб-жьыщIэхэм а гугъэ нэпцIхэр къызэтракъутащ икIи зэхьэзэхуэ гуащIэм щытекIуащ.

Суперфиналым и плей-оффым и 1/4-нэ Iыхьэм налшыкдэсхэм щыхагъэщIащ Къэзан къалэм и бэнакIуэхэр икIи, адэкIэ, зэхьэзэхуэм и Iыхьэ ныкъуэм абыхэм къащыпэщIэтащ Нэзрэн къалэм и командэр. Мыбдежми ди щIалэхэр щынэхъ лъэщу къыщIэкIащ.

«Къалэхэм я зэхэуэ» зэхьэзэхуэм и суперфиналым Налшык и командэр щыхуэзащ Мэзкуу областым и Щелковэ къалэм и бэнакIуэхэм икIи, ди жагъуэ зэрыхъущи, бжыгъэшхуэкIэ - 13:3-уэ - абыхэм зэIущIэр фIахьащ. Ауэ, дауэ хъуми, апхуэдиз командэ лъэщхэр къызэранэкIыу етIуанэ увыпIэм дэкIуея ди щIалэхэм фIыщIэ хэха яхуэфащэщ. Ахэр спортым и гъуэгу кIыхьым теувэ къудейуэ аращ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ди дзюдоист ныбжьыщIэхэм я ехъулIэныгъэр гулъытэншэу къигъэнакъым.

«Мы махуэхэм Сириусым щекIуэкIа «Къалэхэм я зэхэуэ» зэхьэзэхуэм и финалым екIуу зыкъыщагъэлъэгъуащ Налшык и командэм хэта бэнакIуэхэм. Сохъуэхъу я ехъулIэныгъэмкIэ! Афэрым! Догушхуэ фэркIэ!» - щитхащ республикэм и унафэщIым социалхэм щиIэ и каналхэм.

Мыдрейуэ, зэхьэзэхуэм щагъэджэгуащ ахъшэ саугъэту сом мелуан 216-рэ икIи зэIущIэм хэта командэхэм псоми абы щыщ къалъысащ, и ныкъуэр къэралым и щIыналъэхэм дзюдомкIэ я федерацэхэм хуаутIыпщащ, а спорт лIэужьыгъуэм зрагъэгъэужьын папщIэ.

КЪУЭЖЕЙ Iэмин.

● Къалэхэм я зэхэуэ

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.300
Заказыр №2.756

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 4-нэ нап.).*
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Мэлбахъуэ Анжелэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.